

PAMIJI TRADHISI TOLAK BALAK MITERAT BUDAYA JAWI



Dening :

Dirita Nurnaningsih Pralita Sari

17714251015

Tesis Dipunajengaken minangka Jejangkeping Sarat Anggayuh Gelar *Magister Pendidikan*

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2020

SARINING PANALITEN

DIRITA NURNANINGSIH PRALITA SARI: Pamiji Tradhisi Tolak Balak Miterat Budaya Jawi. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020

Ancasipun panaliten inggih punika kangge mangretosi tata cara, ubarampe, saha *nilai-nilai* budaya ing tradhisi tolak balak kulawarga ing dhusun Garongan Kembang, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. Panaliten menika ugi paring kawruh supados kabudayan Jawi awujud tradhisi-tradhisi kulawarga menika dipunlestantunaken.

Jinisipun panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika panaliten *kualitatif*. *Subjek* data ing panaliten inggih menika satunggal kulawarga ing dhusun Garongan Kembang saha objekipun bab tradhisi tolak balak ing kulawarga menika. Cara ngempalaken data inggih menika kanthi cara *metode* pandom *observasi* saha pandom wawancara. *Data* dipunanalisis kanthi cara *deskriptif*, inggih punika ngandharaken *data* kanthi cetha. Anggenipun ngesahaken *data* inggih punika ngginakaken cara *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih punika *validitas triangulasi*, wondene *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih punika *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten ing tata cara tradhisi tolak balak ing satunggal kulawarga ing dhusun Garongan Kembang menika wonten tradhisi geblagipun simbah, among-among, bancakan, pakulinan, saha bebaya. Tata cara tradhisi menika dipunlampahi migunakaken ubarampe. Ubarampe ingkang dipunginakaken inggih menika rokok linthingan, toya pethak, toya teh tubruk, toya gendhis jawi, kopi, jenang abrit, jenang pethak, baro-baro, jadah, sekul gudhangan, sekul tumpeng, sareng, janur, dlingo, bangle, kinang, sekar, lsp. *Nilai-nilai* budaya ingkang dipunjlentreaken kangge panaliten menika inggih menika *nilai-nilai* budaya manungsa ingkang gadhah gegayutan kaliyan Gusti (Allah), *nilai-nilai* budaya manungsa ingkang gadhah gegayutan kaliyan alam, *nilai-nilai* budaya manungsa ingkang gadhah gegayutan kaliyan masarakat, *nilai-nilai* budaya manungsa ingkang gadhah gegayutan kaliyan sasami, saha *nilai-nilai* budaya manungsa ingkang gadhah gegayutan kaliyan piyambakipun.

Pamijining Tembung: tradhisi, tolak balak, ubarampe, *nilai-nilai* budaya, Garongan



ABSTRAK

DIRITA NURNANINGSIH PRALITA SARI: Kajian Tradhisi Tolak Balak Dari Segi Budaya Jawa. **Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020**

Tujuan penelitian tata cara tradisi tolak bala adalah untuk memberikan penjelasan mengenai tata cara, bahan dan alat tradisi tolak bala, dan nilai-nilai budaya yang terkandung dalam tradisi tolak bala di dhusun Garongan, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. Penelitian ini juga dapat memberikan ilmu tentang kebudayaan agar kebudayaan Jawa tentang tradisi-tradisi dalam keluarga tetap dilestarikan.

Jenis penelitian yang digunakan oleh peneliti adalah penelitian kualitatif. Subjek data dalam penelitian ini adalah salah satu keluarga yang ada di dhusun Garongan Kembang dan objeknya adalah bab tradisi tolak bala dalam keluarga tersebut. Cara mengumpulkan data dengan menggunakan metode observasi dan wawancara. Data dianalisis menggunakan cara deskriptif, yaitu meenjelaskan data dengan jelas. Keabsahan data menggunakan cara validitas trianggulasi teori, dan reliabilitas menggunakan reliabilitas stabilitas.

Hasil dari penelitian tata cara tradisi tolak bala dalam keluarga di dusun Garongan Kembang ini adalah tradisi *geblak simbah, among-among, bancakan/neptu lair*, kebiasaan, dan ketika ada bencana. Tata cara dalam tradisi ini juga menggunakan alat dan bahan. Alat dan bahan yang digunakan adalah *rokok linthingan, toya pethak, toya teh tubruk, toya gendhis jawi, kopi, jenang abrit, jenang pethak, baro-baro, jadah, sekul gudhangan, sekul tumpeng, sarem, janur, dlingo, bingle, kinang, sekar, bolumprit*, dsb. Nilai-nilai budaya yang dijelaskan dalam penelitian ini adalah nilai-nilai budaya yang berhubungan antara manusia dengan Tuhan, nilai-nilai budaya yang berhubungan antara manusia dengan alam, nilai-nilai budaya yang berhubungan antara manusia dengan masarakat, nilai-nilai budaya yang berhubungan antara manusia dengan sesama, dan nilai-nilai budaya yang berhubungan antara manusia dengan dirinya sendiri.

Kata Kunci: tradisi, tolak bala, *ubarampe*, nilai-nilai budaya, Garongan



ABSTRACT

DIRITA NURNANINGSIH PRALITA SARI: The Study of Tradition of *Tolak Balak* in Terms of Javanese Culture. **Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.**

The purpose of this study was to determine the procedures, the equipments and the cultural values of the *tolak bala* ritual in Garongan Kembang hamlet, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. This research provides knowledge that Javanese culture in the form of family traditions must be preserved.

This type of research is qualitative research. The subject of the data in this study was one family in Garongan Kembang village and the object was the tradition of *tolak bala* practiced in the family. The method of collecting data is by an interview and observation. The data were then analyzed in a descriptive way, which means establishing the validity and the reliability. The validity is tested using triangulation, whereas the reliability is tested using stability reliability.

The results of research on the tradition of *tolak bala* in a family in Garongan Kembang village there is a tradition of *geblagipun simbah, among-among, bancakan, pakulinan, and bebaya*. The procedure for this tradition is done using *ubarampe*. *Ubarampe* used are *linthingan* (RYO/roll your own) cigarettes, water, *tubruk* (loose leaf brew) tea, brown sugar liquid, coffee, red *jenang* (porridge), white *jenang*, *baro-baro* (a kind of porridge), *jadah* (sticky rice cake), *gudhangan* (javanese vegetable salad) rice, *tumpeng* (cone shaped) rice, salt, coconut, *dlingo*, *bengle*, *kinang* (dried sliced tobacco leaves, betel leaves, gambier, injet (lime) and kanthil flowers), flowers, and others. The values explained in this study are human cultural values that have a relationship with God, nature, society, others, and the personal self.

Keywords: tradition, reject reinforcements, *ubarampe*, cultural values, Garongan



WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap punika, kula :

Nama : Dirita Numaningsih Pralita Sari

NIM : 17714251015

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

ngandharaken bilih *tesis* punika saking asilipun garapan kula piyambak saha dereng nate dipunajengaken kangge anggayuh gelar magister ing salah satunggalipun *perguruan tinggi*. Saha samangretos kula ing tesis menika boten wonten garapan utawi pamrayogi ingkang nate dipunserat utawi dipunterbitaken dening priyantun sanes kajawi ingkang dipunserat saha dados *acuan* wonten ing garapan menika saha dipunsebataken ing kapustakan.

Yogyakarta, Juli 2020



Dirita Numaningsih Pralita Sari

NIM. 17714251015

PASARUJUKAN

PAMIJI TRADHISI TOLAK BALA MITURUT BUDAYA JAWI

Dirita Nurnaningsih Pralita Sari
17714251015

Tesis dipunajengaken Minangka Jejangkeping Sarat
Anggayuh Gelar Magister Pendidikan Bahasa Jawa
Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa

Dipunsarujuki kangge dipunajengaken ujian tesis

Dosen Pembimbing,



Dr. Purwadi, SS., M. Hum.

NIP 19710916 200501 1 001



PANGESAHAN

PAMIJI TRADHISI TOLAK BALAK MITURUT BUDAYA JAWI

Dirita Nurnaningsih Pralita Sari
17714251015

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 13 Agustus 2020

TIM PENGUJI

- | | | |
|---|--|------------------------|
| 1. Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum
(Ketua Penguji) |  | <u>31 Agustus 2020</u> |
| 2. Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.
(Sekretaris Penguji) |  | <u>29 Agustus 2020</u> |
| 3. Dr. Purwadi, M. Hum.
(Pembimbing/Penguji) |  | <u>29 Agustus 2020</u> |
| 4. Dr. Mulyana, M. Hum
(Penguji Utama) |  | <u>29 Agustus 2020</u> |

Yogyakarta, 31 Agustus 2020
Program Pascasarjana
Dekan,



Dr. Sri Harti Widyastuti, M. Hum.
NIP. 19621008 198803 2 001

PANGESAHAN

PAMIJI TRADHISI TOLAK BALAK MITURUT BUDAYA JAWI

Dirita Nurnaningsih Pralita Sari
17714251015

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 13 Agustus 2020

Yogyakarta, 31 Agustus 2020
Program Pascasarjana
Dekan,



Dr. H. Harti Widyastuti, M. Hum.
NIP. 19621008 198803 2 001

SESANTI

Ngupadi sejatining ngelmu, kamulyan gesang kang tinemu.

(Baharudin)

Tekad kang suci tumrap dhiri pribadhi, nuwuhaken asil kang mukti.

(panyerat)

PISUNGSUNG

Kanthi ngonjukaken syukur Alhamdulillah dhumateng ngarsa dalem Allah SWT,
tesis menika kula aturaken dhumateng priyantun sepuh kula Bapak Krisdiyanta
saha Ibu Nik Wahyuni, SE ingkang sampun paring donga pangestu saha
pambiyantunipun wiwit purwa dumugi wasana.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhateng ngarsa dalem Allah SWT ingkang sampun paring *rahmat* saha *hidayah* dhateng panyerat, satemah panyerat saged mujudaken skripsi punika kanthi lancar saha boten wonten perkawis ingkang dados reribeting lampah. Panyerating tesis punika saged wujud boten sanes awit saking *bimbingan*, piwulang, saha panyengkuyung Bapak Dr. Purwadi, SS., M. Hum. minangka dosen pembimbing. Boten kesupen ugi pambiyantu saking mapinten-pinten priyantun. Awit saking punika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal kangge sinau wonten ing *Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa*,
2. Bapak Prof. Dr. Marsigit, M. A., minangka Direktur Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat tesis,
3. Bapak Dr. Mulyana, M. Hum. minangka *Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa* ingkang sampun paring idi kangge nindakaken panaliten menika,
4. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka *penasehat akademik* ingkang sampun paring piwulang saha wejangan nalika ngangsu kawruh wonten ing *Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa*,
5. Bapak-Ibu *Dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa* matur nuwun awit saking ngelmu, piwulang, saha wejangan nalika panyerat ngangsu kawruh ing *Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa*,
6. Bapak Krisdiyanta saha Ibu Nik Wahyuni, SE. priyantun sepuh panyerat, sembah pangabekti konjuk awit saking donga pangestu, saha wejanganipun, satemah panyerat saged mujudaken tesis punika,
7. Kulawarga Ageng Mudjono, Soewito, ugi masarakat dhusun Garongan ingkang sampun paring donga pangestu satemah panyerat saged mujudaken tesis punika,

8. Kanca-kanca PBJ S2 angkatan 2017 saha PBD S1 angkatan 2013 ingkang tansah paring panjurung saha pambiyantunipun satemah tesis punika saged kawujudaken kanthi lancar,
9. Kanca-kanca *WOLU* (Mona, Nuning, Devis, Lina, Gita, Rohma, Rani), Mega, Febri ingkang sampun paring panjurung, asung pambiyantu saha pandonganipun,
10. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebat, ingkang sampun paring pambiyantu, pandonga, saha panjurung dhateng panyerat satemah tesis punika saged maujud.

Panyerat rumaos bilih tesis punika taksih tebih saking kasampurnan, pramila sedaya panyaruwe saha pamrayogi ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep saha sampurnaning tesis menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Mugi-mugi tesis punika saged migunani tumrap pamaos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugi-mugi tesis punika saged murakabi dhateng ngakathah.

Yogyakarta, Juli 2020

Panyerat,



Dirita Numaningsih Pralita Sari

PRATELAN ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	
SARINING PANALITEN	i
ABSTRAK	ii
ABSTRACT	iii
WEDHARAN	iv
LEMBAR PASARUJUKAN	v
LEMBAR PENGESAHAN	vi
SESANTI	vii
PISUNGSUNG	viii
PRAWACANA	ix
PRATELAN ISI	xi
PRATELAN TABEL	xii
PRATELAN GAMBAR	xiii
PRATELAN LAMPIRAN	xiv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis.....	4
C. Watesaning Perkawis.....	4
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangretosan	6
BAB II GEGARAN TEORI	8
A. Andharan <i>Teori</i>	8
1. Kabudayan	8
2. Tradhisi utawi Tata Cara	9
3. Mitos.....	10
a. Pangretosan.....	10
b. Jinising Mitos	11

c. Fungsi Mitos	13
4. Ubarampe.....	14
5. <i>Folklor</i>	14
6. <i>Etnografi</i>	15
7. <i>Nilai-nilai Budaya</i>	16
B. Panaliten Ingkang Jumbuh	17
C. Nalaring Pikir	18
BAB III CARA PANALITEN	20
A. Jinising Panaliten	20
B. <i>Subjek saha Objek</i> Panaliten.....	21
C. <i>Wekdal saha Papan</i> Panaliten.....	21
D. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i>	22
E. <i>Piranti</i> Panaliten.....	23
F. <i>Cara Nganalisis Data</i>	24
G. <i>Cara Ngesahaken Data</i>	25
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	26
A. Deskripsi Setting Panaliten	26
1. <i>Papan Tradhisi Tolak Bala</i>	26
2. <i>Paraga Tradhisi Tolak Bala</i>	29
B. <i>Sejarah Tata Cara Tolak Bala</i>	33
C. <i>Tata Cara Tradhisi Tolak Bala</i>	34
D. <i>Ubarampe Tolak Bala</i>	38
E. <i>Nilai-nilai Budaya Tradhisi Tolak Bala</i>	50
1. <i>Nilai Budaya Ingkang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Tuhan</i>	50
2. <i>Nilai Budaya Ingkang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Alam</i>	52
3. <i>Nilai Budaya Ingkang Gayut Manungsa Lan Masarakat</i>	54
4. <i>Nilai Budaya Ingkang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Sasami</i>	55
5. <i>Nilai Budaya Ingkang Gayut Manungsa Lan Piyambakipun</i>	56
F. <i>Winatesing Panaliten</i>	58
BAB V PANUTUP	60
A. <i>Dudutan</i>	60
B. <i>Implikasi</i>	63
C. <i>Pamrayogi</i>	63
KAPUSTAKAN	65
LAMPIRAN	68

PRATELAN TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1 : Tabel Pandom Observasi</i>	23
<i>Tabel 2 : Tabel Pandom Wawancara</i>	24
<i>Tabel 3 : Tabel Anggota Kulawarga Miturut Yuswa</i>	30-31
<i>Tabel 4 : Tabel Sistem Religi</i>	31
<i>Tabel 5 : Tabel Tataran Pawiyatan</i>	32
<i>Tabel 6 : Tabel Padamelan.....</i>	33

PRATELAN GAMBAR

	Kaca
<i>Gambar 1</i> : Nalaring Pikir.....	19
<i>Gambar 2</i> : <i>Peta</i> Kalurahan Wonokerto	27
<i>Gambar 3</i> : <i>Peta</i> Padhukuhan Garongan Kembang	28
<i>Gambar 4</i> : <i>Denah</i> Dalemipun <i>Narasumber</i>	29
<i>Gambar 5</i> : Rokok Linthingan	39
<i>Gambar 6</i> : Roti Bolumprit	39
<i>Gambar 7</i> : Sekul, Sayur, saha Lawuh.....	40
<i>Gambar 8</i> : Toya Pethak	41
<i>Gambar 9</i> : Toya Teh Tubruk	42
<i>Gambar 10</i> : Kopi	42
<i>Gambar 11</i> : Jajan Peken	43
<i>Gambar 12</i> : Roti Jaran	44
<i>Gambar 13</i> : Sekul Gudhangan.....	44
<i>Gambar 14</i> : Jenang Pethak	45
<i>Gambar 15</i> : Jenang Abrit.....	45
<i>Gambar 16</i> : Baro-baro	46
<i>Gambar 17</i> : Toya Gendhis Jawi	47
<i>Gambar 18</i> : Sekul Tumpeng	47
<i>Gambar 19</i> : Sarem	48
<i>Gambar 20</i> : Janur, Dlingo, Benge, Kinang	49
<i>Gambar 21</i> : Sekar	50

PRATELAN LAMPIRAN

	Kaca
<i>Lampiran 1 : Gambar tata cara tradhisi</i>	68
<i>Lampiran 2 : Tabel pandom observasi saha pandom wawancara</i>	92
<i>Lampiran 3 : Transkrip data tuturan</i>	97

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Kabudayan inggih menika asiling penggalih, kapitadosan, saha nilai-nilai ingkang sampun anggulangentah saha dipunginakaken kaliyan masarakat, sae ingkang dipunginakaken kangge piyambakipun utawi pagesangan ing masarakat. Wujud kabudayan inggih menika *artefak* utawi barang-barang fisik, solah bawa utawi ide, saha patrap (Koetjaraningrat, 2009:74). Kabudayan ugi gadhah kalih warni wujud inggih menika kabudayan ingkang sipatipun *konkret* saha kabudayan ingkang sipatipun abstrak.

Salah satunggaling wujud kabudayan ingkang wonten lan ngrembaka ing masarakat inggih menika tradhisi. Tradhisi utawi tata cara inggih menika salah satunggaling upacara ingkang dipunlampahi dening masarakat Jawi. Tradhisi menika dipuntindakaken kaliyan masarakat kangge ngormati para leluhur utawi priyantun sepuh. Tradhisi ugi dipunginakaken kangge ngaturaken raos sokur dumateng Gusti Kang Akarya Jagad.

Kabudayan ingkang wonten ing sakiwa tengenipun kita sedaya menika langkung kathah ananging boten dipunlampahi utawi boten dipunlestantunaken amargi kemajengan jaman. Kathah priyantun nem sakmenika ingkang gadhah penggalih menawi mitos saha tradhisi utawi budaya-budaya ingkang dipunlampahi dening masarakat rumiyin menika musrik saha kina.

Tradhisi saha mitos ngantos dinten menika taksih wiyar saha dereng saged dipunbuktikaken kasunyatipun, ananging masarakat taksih pitados

dening mitos-mitos kasebat. Tradhisi ingkang ngrembaka ing masarakat menika dados wujud kapitadosanipun masarakat ingkang sampun nggulawentah saking jaman rumiyin. Masarakat ingkang taksih pitados kaliyan mitos menika amargi sampun anggulawentah utawi *turun-temurun* saha dipunrembakaken lan dipunamalaken kados lisan. Masarakat ingkang taksih pitados kaliyan mitos pakulinanipun masarakat-masarakat tradhisional utawi masarakat padhusun.

Tradhisi menika ngrembaka ing masarakat padesan saha dipunlampahi kangge pagesangan padintenanipun. Tradhisi saha kapitadosan menika ugi boten namung wonten ing masarakat padesan kemawon, ananging kados kasunyatanipun kathah masarakat *modern* saha gadhah pawucalan ingkang sae taksih pitados kaliyan tradhisi kasebat. Masarakat-masarakat modern menika ugi damel panaliten bab mitos-mitos ingkang taksih tabu kasebat.

Kapitadosanipun masarakat dhumateng tradhisi ingkang tabu menika gadhah ancas kangge kekiyatan utawi gujengan piyambakipun. Kekiyatan menika kadosta ngedohaken bab ingkang boten sae utawi dados satunggaling pantangan ingkang gadhah dampak boten sae kangge piyambakipun, kulawarganipun, saha masarakat sanes. Tradhisi kasebat ugi dipunginakaken kangge *identitas* piyambakipun, kulawarga, utawi masarakat supados boten pikantuk bebaya utawi dipuginakaken kangge tolak bala.

Salah satunggal wilayah ingkang gadhah maneka warni kabudayan inggih menika Yogyakarta mliginipun wonten kulawarga ing wilayah Turi. Kathah tradhisi ingkang lair ing masarakat Yogyakarta saha dipunginakaken kangge kapitadosan utawi kedah dipunlampahi. Salah satunggal tuladha kawontenipun

tradhisi-tradhisi kasebat katinggal saking kulawarga-kulawarga ing dhusun Garongan, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. Dhusun Garongan menika mapan ing ngandhapipun Arga Merapi saha 7 kilometer saking pucuking Arga Merapi, menawi saking kitha Yogyakarta kirang langkung 45 menit mengaler.

Wonten ing dhusun Garongan menika taksih wonten kulawarga-kulawarga ingkang pitados saha taksih migunakaken tradhisi menika kangge pedoman pagesangan padintenanipun. Kulawarga ingkang taksih pitados dhumateng tradhisi menika wonten setunggal kulawarga. Setunggal kulawarga menika taksih pitados amargi mitos menika sampun wonten awit rumiyin saha dipunlampahi ngantos samenika. Ancasipun kulawarga menika pitados dhumateng tradhisi amargi tradhisi kasebat saged damel kaberkahan kangge karir ing donya saha saged nguri-uri kabudayan Jawi.

Tradhisi ingkang dipunadani dening kulawarga kasebat tuladhanipun ing dinten lairipun salah satunggal priyantun ing kulawarga menika. Nalika dinten lair (wetu) menika kulawarga kasebat pesthi damel sekul gudhangan ingkang lengkap ngginakaken janggan saha lawuhipun, jenang abrit, jenang pethak, baro-baro, saha blowok. Menawi badhe wonten bebaya kadosta angin saha jawah ageng kedah nyebaraken sareng ing sedaya sudut griya ingkang gadhah ancas dados panolak bala supados boten wonten bebaya.

Tuladha kados mekaten ingkang saged dipuntingali saha dipuntimbali bilih masarakat utawi kulawarga ing dhusun Garongan taksih pitados utawi nguri-uri adat Jawi saha pedoman pagesanganipun priyantun Jawi. Gayut kaliyan menika, panyerat kagungan irah-irahan **“Kajian Tradhisi Tolak Balak Saking Segi**

Budaya Jawi”. Panaliten menika gadhah ancas kangge paring *informasi* bilih wonten ing masarakat dhusun menika taksih wonten wujud budaya lisan ingkang dipunaturaken saking satunggal priyantun dhumateng priyantun sanesipun ingkang salah satunggalipun bab tradhisi ing kulawarga. Wujud kabudayan menika ugi taksih dipunlestantunaken dening kulawarga saha dipunadani ngantos putra/wayahipun.

B. Underaning Prekawis

Adhedhasar dhasaring panaliten kasebat saged dipundhapak underaning prekawis kados mekaten:

1. menapa ingkang dipunwastani tata cara tolak bala;
2. kadospundi tata caranipun nglampahi tradhisi tolak bala ing kulawarga ing dhusun Garongan;
3. menapa kemawon ubarampe ingkang dipunginakaken ing tata cara tolak bala;
4. kapan tata cara tolak bala dipunlampahi;
5. nilai budaya ing tata cara tolak bala ingkang wonten kulawarga ing dhusun Garongan.

C. Watesaning Prekawis

Adhedhasar underaning perkawis wonten nginggil, panaliten menika dipunwatesi perkawis-perkawis kados mekaten:

1. Tata cara tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani;
2. Ubarampe ing tata cara tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani;

3. Nilai budaya tata cara tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis wonten nginggil menika, panaliten menika dipunpanggiaken wosing ingkang bedhe dipunrembag ingkang kados mekaten:

1. Kadospundi tata cara tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani?
2. Menapa kemawon ubarampe ing kajian tradhisi tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani?
3. Kadospundi nilai budaya kajian tradhisi tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas ingkang rinacik mekaten:

1. Mangertosi tata cara kajian tradhisi tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani.
2. Mangertosi ubarampe ing kajian tradhisi tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani.
3. Mangertosi nilai budaya kajian tradhisi tolak bala ingkang wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani.

F. Paedahing Panaliten

1. Kangge Siswa

Sarana pambiyantu anggenipun ningkataken *motivasi* saha kawigatosan siswa ing pasinaon bab mitos saha kapitadosan kanthi basa ingkang sae.

2. Kangge Guru

Ningkataken wawasan guru dhumateng materi bab mitos ing salebeting *bidang* pendhidhikan ingkang langkung *efektif* saha *efisien*.

G. Pangretosan

Supados gampil anggenipun mangertosi perkawis ingkang kaandharaken wonten ing irah-irahan, pramila dipunrumusaken pangertosanipun kados mekaten.

1. Tradhisi utawi tata cara inggih menika, miturut Tim Balai Bahasa (2011: 730) tradhisi ingkang ateges adat turun-temurun. Tradhisi dipunlaksanaken kanthi sesarengan kangge ngormati leluhur lan kangge nglestantunaken budaya Jawi.
2. Folklor inggih menika tuturan saperangan priyantun ingkang gadhah titikan gayut kaliyan titikan pengenalan kadosta fisik, sosial, saha kabudayan satemah saged mbedakaken klompok satunggal saha klompok sanesipun.
3. Etnografi inggih menika satunggaling kagiyatan ngempalaken piranti katrangan ingkang dipunlampahi kanthi *sistematis* bab cara pagesangan sarta sedaya kagiyatan sosial ingkang gayut kaliyan unsur-unsur kabudayan saking satunggal masarakat.
4. Nilai-nilai budaya inggih menika konsep-konsep ingkang wonten saha gesang ing pikiran saperangan ageng masarakat mawi bab-bab ingkang dipunajab gadhah nilai wonten pagesangan.

5. Dhusun Garongan inggih menika salah satunggaling dhusun ingkang mapan wonten ing Kalurahan Wonokerto Kecamatan Turi Kabupaten Sleman saha Provinsi Daerah Istimewa Ngayogyakarta.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Andharan Teori

1. Kabudayan

Kabudayan inggih menika asiling penggalih, kapitadosan, saha nilai-nilai ingkang sampun anggulawentah saha dipunginakaken dening masarakat. Ugi wonten ingkang dipunginakaken kangge piyambakipun utawi pagesangan ing masarakat. Wujud kabudayan inggih menika *artefak* utawi barang-barang fisik, solah bawa utawi ide, saha patrap (Koentjaraningrat, 2009: 74). Kabudayan ugi gadhah kalih warni wujud, inggih menika kabudayan ingkang sipatipun nyata saha kabudayan ingkang sipatipun *abstrak*. Ancas saking kabudayan inggih menika ngelmi ingkang dipunpikantuk saha ingkang dipunginakaken priyantun kangge ngamalaken pangalaman saha ngasilaken tindak-tanduk sosial.

Koentjaraningrat (1984: 5) ngandharaken bilih kabudayan menika wonten 3 wujud inggih menika:

- a. Wujud kabudayan awujud *kompleks* saking ide, gagasan, norma-norma, aturan, lan sapanunggalipun.
- b. Wujud kabudayan awujud *komplex* saking tindak-tanduk manungsa wonten ing masarakat.
- c. Wujud kabudayan awujud piranti-piranti asiling karya manungsa.

Jumbuh kaliyan pamanggih saking Koentjaraningrat, salebeting seratanipun (Gustiranto, 2017: 3) mahyakaken bilih kabudayan ingkang

gesang salebeting bebrayan, ingkang awujud paguyuban desa utawi kutha saged ngecakaken corak khas utaminipun ingkang saged katingal dening priyantun ing jawinipun priyantun kasebat. Saking andharan menika nedahaken bilih kabudayan satunggaling dhaerah dados pambada saha gadhah corak khas piyambak-piyambak. Ngelmi kabudayan ingkang dipunginakaken dening priyantun menika kangge mratelakaken lelakon saha ngasilaken tuntunan sosial utawi pakulinan-pakulinan sosial.

2. Tradhisi utawi Tata Cara

Upacara tradhisi menika salah satunggiling upacara ingkang dipunlampahi dening masarakat kangge nyuwun donga utawi raos sukur dhateng Gusti allah ingkang awujud warni-warni gayut kaliyan ingkang dipunsuwunaken. Upacara tradhisi menika dipunlampahi dening masarakat dadosaken pakulinan wonten ing masarakat piyambak. Miturut Tim Balai Bahasa, 2011: 730 mahyakaken tradhisi ingkang ateges adat turun-temurun. Tradhisi dipunlaksanaken kanthi sesarengan kangge ngurmati lan kangge nglestantunaken budaya Jawi.

Miturut Pranoto (2009: 23) Tata paugeran urip inggih menika “cikal bakal” saking adhat istiadhat Jawi ingkang sampun daya mangaribawa saking agami Hindu, Budha, Islam, Kristen lan sanesipun. Saking tatanan pugeraning urip menika ndadosaken bukti ingkang nyata menawi kabudayaan wonten ing Bumi Nusantara sampun wonten wiwit jaman rumiyin. Masarakat menika ugi sampun gadhah nilai-nilai luhur menawi pagesangan ing donya menika sampun dipunatur kaliyan Sang Hyang Tunggal utawi Gusti Allah.

Masyarakat Jawi menika luwes anggenipun nampi daya mangaribawa adhat-istiadhat saking njawi. Ananging saking masyarakat piyambak sampun saged milah-milah supados boten uwal saking prinsip-prinsip dhasar adhat istiadhat ingkang sampun wonten. Saking tatanan paugeraning urip menika lajeng dipunwujudaken wonten upacara-upacara adhat lan adhat istiadhat kanthi kabutuhaning masyarakat piyambak kangge dhasar wujud matur nuwun lan raos sokur sarta nuwun donga kaliyan ingkang maringi gesang ing donya inggih menika Gusti Allah.

Miturut andharan saking para ahli wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun saking upacara tradhisi inggih menika cikal bakalipun adhat istiadhat wonten ing tanah Jawi ingkang sampun wonten wiwit jaman rumiyin ingkang dipunwujudaken kanthi upacara-upacara adhat. Masyarakat gadhah pamanggih menawi kita gesang menika sampun wonten ingkang ngatur inggih menika Gusti Allah, pramila masyarakat ngawontenaken upacara adhat kangge raos sokur, lan nyuwun donga kanthi boten uwal saking dasar lan prinsip-prinsipipun.

3. Mitos

a. Pangretosan Mitos

Mitos menika asalipun saking basa Yunani (*muthos: mythos*) ingkang gadhah pangretosan satunggal bab ingkang dipuntuturaken saha satunggal bab ingkang dipunwiwaraken, kadosta cariyos. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia*, mitos inggih menika cariyos satunggal bangsa bab dewa saha pahlawan zaman kapungkur ingkang ngandut tafsir bab asal-usul alam donya, manungsa, saha bangsa menika piyambak. Mitos

ugi gadhah pangretosan bilih bab ingkang dipunungkap kanthi cara gaib. Sejatosispun mitos gadhah sipat *religious* amargi maringi kapitadosan saha praktik agamis.

Mitos saha kapitadosan menika gadhah fungsi-fungsi tartamtu, kadosta fungsi pokok kangge kabudayan *primitive* utawi masa kapengker inggih menika ngungkapaken, ndongkrak, saha ngasilaken kapitadosan, nanggulangi, saha dados daya pangaribawa moral, saha ngasilaken tuntunan-tuntunan kangge manungsa (Widya, 2013: 12). Mitos ugi maringi pedoman kangge tindak-tanduk saha patrapipun manungsa saha kangge pedoman pagesangan kulawarga. Saking mitos menika manungsa ugi saged ningali saha nglampahi kadadosan-kadadosan ing sakiwa-tengenipun, ugi saged nanggepi daya pangaribawanipun donya (*alam*).

b. Jinising Mitos

Mitos dipunperang dados 2 kelompok inggih menika mitos *primer* saha mitos *sekunder* ingkang dipunandharaken dening (Cook lumantar Widya, 2013: 11). Mitos primer inggih menika mitos ingkang gadhah gayutipun kaliyan alam saha gayut ugi kaliyan bab ritual. Mitos *sekunder* inggih menika mitos ingkang gayut kaliyan sitem nilai saha teori tradhisi kapengker ingkang sampun ical.

(Sukatman lumantar Widya, 2013: 12) ngandharaken bilih mitos dipun-*klasifikasi*-kaken dados 2 *genre*. 2 *genre* menika inggih menika mitos *primer* saha mitos *sekunder*. Mitos primer dipunperang dados kalih

subgenre inggih menika mitos ngajeng utawi ageng (mitos wontenipun Tuhan, mitos alam donya, mitos alam roh, saha mitos langit) saha mitos *kosmogoni* (mitos udara, mitos toya, mitos siti, mitos geni, mitos kali, saha mitos arga. (Lixian, 2013: 163-174) ngandharaken mitos saged dipunginakaken kangge piranti karya sastra saha saged dipunsebaraken ing papan-papan sanesipun.

Ewadene mitos *sekunder* dipunperang dados 8 *subgenre* mitos, inggih menika:

- 1) Mitos *antropogenik*: mitos manungsa saha mitos asmara.
- 2) Mitos *asal-usul*: mitos nama wilayah/kota/desa, mitos nama danau, mitos nama arga, mitos nama segara, mitos nama tanjung, mitos nama kali, mitos tetuwuhan saha mitos kewan.
- 3) Mitos *languangenetik*: mitos inggih menika basa saha seratan.
- 4) Mitos ritual utawi panyembahan: mitos adat, marga, mitos jawah (udan), mitos lair, mitos kawin, mitos mati, mitos mertu dhusun, mitos pesugihan, mitos sembah-sesaji.
- 5) Mitos kapahlawanan: mitos pahlawan bangsa, mitos pahlawan etnis, mitos pahlawan daerah, mitos pahlawan rakyat alit.
- 6) Mitos prastawa alam: mitos lindu, mitos gerhana, mitos *wabah* (pagebluk), mitos keseimbangan alam, mitos *siklus* pagesangan, mitos *naas* (apes), mitos gunung jeblug, mitos pantangan, mitos dinten kiamat, mitos pelangi.
- 7) Mitos gugon tuhon: mitos pantangan, mitos mimpi.

- 8) Mitos alam roh: mitos alam kematian, mitos hantu saha tuyul, mitos ingkang nguwaosi papan saha pusaka.

c. Fungsi Mitos

Mitos menika gadhah fungsi ingkang kaandharaken dening (Peursen lumantar Widya, 2014: 12) inggih menika:

- 1) Maringi teori bilih ing alam menika wonten daya pangaribawa (*kekuatan*) mistik. Mitos menika ugi maring informasi saha biyantu manungsa supados saged nguri-uri saha jagi bab-bab saking salam saha boten dipunrisak.
- 2) Fungsi mitos kangge jaminan pagesangan ing jaman samenika. Dados fungsi mitos menika ngaturaken donga dhumateng gusti akarya jagad, kadosta menawi panen kedah wonten tarian utawi sesembahan dhateng Dewi Sri.
- 3) Fungsi mitos kangge ngelmu pengetahuan saha filsafat ing pikiran ingkang *modern*. Mitos nyukani katrangan bab kadadosan-kadadosan ing donya, hubunganipun dewa kaliyan dewa, saha asalipun keluputan.

(Theron, 1991: 39) ngandharaken saha saged dipunringkes bilih mitos gadhah fungsi kangge nyamegtakaken daya pangaribawa (*kekuatan*) ingkang jamin dinten menika, nyukani ngelmi bab donya bilih manungsa wonten ing bunderaning daya alam donya. Nalika wonten alam pikiran mistis manungsa ugi sampun gadhah norma utawi aturan ingkang ngatur pola pagesangan manungsa.

4. Ubarampe

Tradhisi saha tata cara ingkang badhe dipunlampahi dening masarakat Jawi menika wonten piranti ingkang kedah wonten, piranti menika dipunsebat ubarampe. Ubarampe inggih menika piranti ingkang dipunginakaken kangge ritual utawi jejangkepanipun tata cara ing tradhisi saha pakulinanipun kangge simbol tradhisi. Dening priyantun Jawi ama ubarampe menika ugi asring dipunsebat kaliyan sajen.

Masyarakat Jawi taksihi ngleksanakaken tradhisi kangge nglestantunaken tradhisi menika supados boten ical. Tradhisi menika ugi kedah wonten sesajen utawi ubarampenipun. (Tutuk, 2019: 79 – 83) ngandharaken sajen menika pakulinanipun migunakaken dhedhaharan saha sekar ingkang dipunginakaken kangge adicara. Sajen dipundamel kangge ngucap raos syukur utawi tandha kaurmatan kangge Gusti utawi leluhur.

5. Folklor

Folklor menika salah satunggaling kabudayan ingkang kathah dados objek panaliten. (Endraswara, 2006: 58) ngandharaken bilih folklor kapendhet saking kalih tembung inggih menika saking tembung “*folk*” ingkang tegesipun rakyat saha “*lore*” ingkang tegesipun tradhisi. Dados folklor menika satunggaling wujud saking tradhisi rakyat ingkang dipunsebaraken kanthi gethok tular. Folklor inggih menika tuturan saperangan priyantun ingkang gadhah titikan gayut kaliyan titikan pengenalan kadosta fisik, sosial, saha kabudayan satemah saged mbedakaken kelompok satunggal saha kelompok sanesipun.

Folklor lisan menika wujudipun murni lisan, tuladhanipun basa masyarakat, tuturan tradhisional, kasunyatan tradhisional, adat-istiadat, cariyos rakyat, legenda, lsp. Folklor kangge lisan inggih menika folklore ingkang awujud unsur folklore lisan saha folklore boten lisan. Wujudipun saged kados kapitadosan, kabudayan, gethok tular, saha simbol-simbol ing adhat masarakat (Santoso Joko, 2000: 67).

6. Etnografi

Etnografi inggih menika singkatan saking tembung “*ethos*” ingkang gadhah pangretosan bangsa utawi suku bangsa, saha “*graphein*” inggih menika seratan utawi uraian. Etnografi inggih menika salah satunggal kajian bab pagesangan saha kabudayan satunggal masarakat utawi etnik, kadosta *adat-istiadat*, pakulinan, hukum, seni, agama, saha basa. Bidang kajian ingkang caket sangar kaliyan etnografi inggih menika etnonolgi ingkang gadhah pangretosan kajian bandingaken bab kabudayan saking masarakat saha kelompok.

Istilah etnografi menika salah satunggaling istilah saking antropologi, utawi saged dipunsebat etnografi menika lair saking antropologi saha ngrembaka saderengipun tahun 1800-an. Koentjaraningrat, (1984: 1) ugi ngandharaken bilih etnografi inggih menika asiling catetan *penjelajah Eropa* sasampunipun pados rempah-rempah utawi bumbu ing Indonesia. *Penjelajah Eropa* menika nyatet sedaya kadadosan iangkang narik kawigatosan saha ingkang dipuntingali ing margi, kadosta *adat-istiadat*, susunan masarakat, basa, saha titikan fisik saking suku-suku bangsa kasebat.

Miturut Spardley, 1997: 12 ugi ngandharaken, etnografi inggih menika salah satunggaling kabudayan ingkang nyinaoni kabudayan ingkang sanes. Etnografi inggih menika satunggaling *acuan* ngelmi ingkang kaperang dados teknik panaliten, teori etnografis, saha maneka warni deskripsi kabudayan. (Naniek, 1995: 38) ngandharaken bilih etnografi dipunginakaken kangge nemtokaken asil panaliten utawi asiling *study* kangge nggambaraken kasunyatan. Dados, etnografi inggih menika satunggaling kagiyatan ngempalaken piranti katrangan ingkang dipunlampahi kanthi *sistematik* bab cara pagesangan sarta sedaya kagiyatan sosial ingkang gayut kaliyan unsur-unsur kabudayan saking satunggal masarakat.

7. Nilai-nilai Budaya

Nilai-nilai budaya inggih menika konsep-konsep ingkang wonten saha gesang ing pikiran saperangan ageng masarakat mawi bab-bab ingkang dipunjab gadhah nilai winten pagesangan, (Koetjaraningrat wonten ing Rukesi saha Sinoto, 2017: 27). Nilai budaya gadhah palenggahan saha fungsi kangge pagesanganipun manungsa. (Saryono wonten ing Rukesi saha Sinoto 2017: 27), ngandharaken bilih palenggahan saha fungsi budaya menika dipunperang dados 5 jinis, inggih menika *penggerak*, *pengendali*, *proyeksi*, saha *utopia*, *tolok ukur*, sarta kangge rujukan satunggal tuturan, patrap, solah bawa, saha tindakipun manungsa.

Djamaris, dkk (1996: 3) merang nilai budaya dados 5 (gangsal) pola hubunganipun, inggih menika; (1) nilai budaya ingkang gadhah hubungan saking manungsa dhumateng Tuhan, (2) nilai budaya ingkang gadhah

hubungan saking manungsa dhumateng alam donya, (3) nilai budaya ingkang gadhah hubungan saking manungsa kaliyan masarakat, (4) nilai budaya ingkang gadhah hubungan saking manungsa kaliyan manungsa sanesipun, (5) nilai budaya ingkang gadhah hubungan saking manungsa kaliyan piyambakipun. Gangsal pola hubungan manungsa kasebat badhe mujudaken satunggal kabudayan tartamtu ing saben hubunganipun.

B. Panaliten Inkgang Jumbuh

Panaliten menika kajumbuhaken kaliyan panaliten-panaliten sakderengipun:

1. Ken Widyawati mahasiswa Jurusan Sastra Indonesia Fakultas Ilmu Budaya Universitas Diponegoro, kanthi irah-irahan “*Ritual “Kliwonan” Bagi Masyarakat Batang. Jurnal HUMANIKA Vol. 20 No. 2 (2014) ISSN 1412-9418*. Inkgang dipunrembag sami-sami bab tradhisi, ananging ingkang dipunrembag menika wonten papanipun piyambak-piyambak saha sami ngrembag bab nilai-nilai budaya saking tradhisi saha tata cara tradhisinipun.
2. Widya Wulandari mahasiswa Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Jember, kanthi irah-irahan “*Mitos dalam Upacara Petik Laut Masyarakat Madura di Muncar Banyuwangi: Kajian Etnografi*”. Inkgang dipunrembag sami-sami bab tata upacara tradhisi, ananging ingkang dipunrembag menika wonten papanipun piyambak-piyambak saha sami ngrembag bab bab nilai-nilai budaya saking tradhisi saha tata cara tradhisinipun.


C. Nalaring Pikir

Priyantun ing tlatah Jawi utamanipun ing Daerah Istimewa Yogyakarta mliginipun Turi Sleman menika taksih kathah ingkang nglestantunaken kabudayan. Salah satunggalipun kabudayan inggih menika tradhisi utawi tata cara tolak balak ing kulawarga. Wonten wilayah Turi, ingkang taksih nguri-uri kabudayan Jawi menika salah satunggalipun ing Dhusun Garongan Kembang, Wonokerto, Turi, Sleman.

Salah satunggaling kulawarga ing dhusun Garongan Kembang taksih njagi saha nglestantunaken pratelan menika, inggih menika kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani (*family center*). Tradhisi ingkang dipunlampahi dening kulawarga menika ugi maneka warni, tuladhanipun wonten tata cara tolak balak geblak simbah, among-among, wetu kalairan, pakulinan, saha menawi wonten bebaya. Tradhisi-tradhisi tolak balak menika pesthi dilampahi kaliyan kulawarga menika turun saking simbah jaman rumiyin, dados tradhisi menika boten ical lan tetep lestantun.

Kawula muda utawi anak turunipun Ibu Sri Dalpasani menika ugi kedah nyinaoni bab-bab kados mekaten. Tradhisi menika kedah dipunlestantunaken lan dipuntepangaken dening anak turunipun supados tradhisi menika boten ical saha saged dipundadosaken pedoman gesang ing donya.

Gambar 01. Gambar Nalaring Pikir



BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken metode panaliten *kualitatif*. Panaliten *kualitatif* inggih menika *proses* paham saking sedaya kadadosan ingkang menapa wontenipun kanthi tuntunan *data deskriptif* ingkang sampun dipunsamektakaken kaliyan *trianggulasi* saha dipunanalisis satemah ngasilaken *pemahaman* ingkang *holistik* miturut *partisipan* ingkang sami kaliyan *konteks-ipun* (Muhammad, 2011: 31).

Objek panaliten *kualitatif* ingkang dipunpilih inggih menika tuturan bab tradhisi ing masarakat dhusun Garongan, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. Metode panaliten *kualitatif* dipunpilih amargi panaliti badhe ngandharaken bab tradhisi ingkang gayut kaliyan aturan kabudayan Jawi. Panaliten menika kantidakaken kanthi *metode pengamatan* utawi *observasi*, *wawancara*, saha *telaah dokumen*.

Dados langkung gayut ing metode panaliten *deskriptif kualitatif*. Miturut Muhammad (2011: 34-35), metode panaliten *deskriptif kualitatif* inggih menika sipat data panaliten ingkang wujud datanipun deskripsi objek panaliten. Data-data kasebat saged awujud tuturan (*transkrip wawancara*) utawi asiling wawancara, foto-foto, video-tape, dokumen, catetan memo, saha dokumen resmi ingkang sanesipun. Wonten ing panaliten menika data-data kasebat awujud *transkrip* utawi asiling wawancara. Amargi data menika pokokipun ing tembung-

tembung ingkang badhe dipunanalisis. Ugi mekaten wonten analisis, data ingkang badhe dipunanalisis menika nggambaraken tradhisi.

B. Subjek saha Objek Panaliten

Subjek kangge panaliten menika inggih menika satunggal kulawarga ing dhusun Garongan, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. *Objek* panaliten menika dipunpendhet saking bab tradhisi dening satunggal kulawarga ing dhusun Garongan, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. Bab tradhisi tolak bala ingkang badhe dipunpendhet inggih menika saking satunggal kulawarga ingkang taksih nglestantunaken bab menika.

Satunggal kulawarga menika dipunpendhet kangge *subjek* panaliten kaliyan panaliti amargi:

1. Kulawarga menika ingkang tansah nindakaken tradhisi tolak balak menika saben wonten upacara saha boten nate kendhat.
2. Ubarampe ingkang dipunginakaken jangkep sanget.
3. *Narasumber/informan* saking kulawarga menika nguwaosi bab saha makna budaya ubarampe tolak balak.
4. Kulawarga/*informan* menika tansah kangge minangka paran (*rujukan*) para kulawarga panolak balak sanesipun.

C. Wekdal saha Papan Panaliten

Panaliten menika dipuntindakaken ing wulan Juli ngantos November 2019. Dhusun Garongan ingkang dados papan panaliten menika dumunung ing Desa Wonokerto, Kecamatan Turi, Kabupaten Sleman, D.I.Yogyakarta. Garongan inggih menika salah satunggaling dhusun ing Kalurahan Wonokerto, Kecamatan

Turi, Kabupaten Sleman, Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, Indonesia. Padhusunan menika dumunung 3 km saking kalurahan, batesanipun caket kaliyan kalurahan sanesipun, saha 5 km saking pucuk Gunung Merapi. Garongan inggih menika salah satunggal wilayah ingkang masarakatipun sampun *modern*, ananging ugi taksih wonten ingkang pitados dhumateng tradhisi tolak bala ing kulawarganipun piyambak.

Tata cara tolak bala ingkang dipunlampahi dening kulawarga kasebat tuladhanipun ing weton lairipun salah satunggal priyantun ing kulawarga menika. Nalika weton menika kulawarga kasebat pesthi damel sekul gudhangan ingkang lengkap ngginakaken jangsan saha lawuhipun, jenang abrit, jenang pethak, baro-baro, saha blowok. Menawi badhe wonten bebaya kadosta angina saha jawah, kedah nyebaraken sarem ing sedaya sudut griya ingkang gadhah ancas supados dados panolak bala supados boten siyos wontenipun bebaya.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Cara kangge ngempalaken *data* menika inggih menika ngginakaken *metode observasi*, *wawancara* saha *dokumentasi*. Panaliti ngempalaken *data-data* saking satunggal kulawarga dhusun Garongan, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta kanthi cara-cara menika:

1. Metode Observasi Berpartisipasi

Metode Observasi Berpartisipasi inggih menika *metode* ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* kanthi cara nyimak basa-basa ingkang dipunangge panutur gineman (Muhammad: 2011:194). Panaliti

menika kedah *terjun langsung*, supados *data-data* ingkang dipunbetahaken akurat.

2. Metode Wawancara Mendalam

Metode wawancara mendalam inggih menika *metode* tutur amargi cara ingkang dipuntindakaken kangge ngempalaken *data* kanthi *langsung* gineman kaliyan panutur/*lawan tutur*. Kanthi cara menika panaliti kedah nyamegtakaken pandom wawancara saha pitakenan-pitakenan kangge manggihaken *data* bab mitos saha kapitadosan awujud tuturan bab tata cara tolak bala saking kulawarga ing masarakat dhusun Garongan. Pandom wawancara saha pitakenan-pitakenan menika antawisipun tata cara tolak bala menapa kemawon ingkang kulawarga taksih dipunlampahi, ubarampe menapa kemawon ingkang dipunginakaken kangge nglampahi mitos kasebat, menapa kemawon fungsi utawi ancas saking tata cara tolak bala menika.

3. Studi Dokumen

Supados data menika saged *valid*, panaliten menika kedah nglampiraken *dokumentasi* awujud *foto* utawi *video*. Studi *Dokumnetasi* menika awrat sanget kangge panaliten bab budaya menika, amargi *dokumentasi* menika kangge bukti supados panaliten menika *valid* saha *real*. Moleong (2005: 216) ngandharaken bilih dokumen ingkang saben seratan utawi film menika sanes kados *record*, amargi boten dipunsamektakaken menawi boten wonten panyuwunan saking panaliti.

E. Piranti Panaliten

Piranti panaliten ing panaliten menika inggih menika *human instrument*, pandom *observasi* saha pandom wawancara. Saking piranti-piranti menika, supados panaliti boten salah anggenipun nyerat *data* panaliti wonten pirantos tambahan inggih menika *alat rekaman* utawi *handphone*.

Tabel 1. Pandom *Observasi*

No	Konteks			Tata Cara Tolak Bala	Katrangan
	Situasi	Papan	Kulawarga		
1.	<i>Santai</i>	Ing Griya	Sri Dalpasani	Wetu Lair	Nalika wetu menika kulawarga kasebat pesthi damel sekul gudhangan ingkang lengkap ngginakaken jangsan saha lawuhipun, jenang abrit, jenang pethak, baro-baro, saha blowok.

Tabel 2. Pandom Wawancara

No.	Kulawarga	Situasi	Papan	Tata Cara Tolak Bala
1.	Sri Dalpasani	<i>Santai</i>	Ing Griya	Wetu lair

Observasi katindakaken kangge nemtokaken kulawarga ingkang taksih pitados kaliyan mitos saha kapitadosan saha migunakaken *teknik* wawancara. Salajengipun *data-data* menika dipuntetepaken minangka *data* ingkang kalebet ing tradhisi tolak bala kangge manggihaken data tradhisi menika.

F. Caranipun Nganalisis *Data*

Cara nganalisis *data* wonten ing panaliten menika kanthi cara *deskriptif*. Kaelan ing **Muhammad**, (2011: 222) ngandharaken bilih *data* saking

panaliten menika wujudipun *deskripsi* saha catetan *lapangan* kadosta pandom *observasi* saha pandom wawancara dipunsusun mawi *kategori* utawi underanipun prekawis ingkang sarujuk saking ancasipun panaliten. Saking analisis *data* menika kedah dipun-*klasifikasi*-kaken utawi dipundamel kelompok *data*. Asiling panaliten *data* migunakaken *metode formal* saha *metode informal*.

Kangge mangertosi data-datanipun, ingkang kapisan inggih menika nyimak saha nyerat menapa kemawon tradhisi tolak bala ingkang taksih dipunlampahi dening kulawarga ing dhusun Garongan. Kulawarga menika ingkang sampun wawan pirembagan kaliyan panaliti. Sasampunipun nyimak, lajeng analisis kasar menika dipunserat malih wonten kertas supados saged mangertosi data-data ingkang badhe dipunanalisis. Analisis *data* menika dipundamel kados tabel kertu *data* supados gampilaken panaliti nganalisis *data*.

G. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken *data* ing panaliten menika kanthi *validitas* saha *reliabilitas*. Uji *validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika uji *validitas triangulasi teori*. *Triangulasi teori* inggih menika cara kangge ngesahaken *data* mawi bandingaken *data* menika kaliyan *teori* ingkang wonten ing gegaran *teori*. *Reliabilitas data* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipuntindakaken wiwit nyimak saha nyerat menapa kemawon tradhisi ingkang taksih dipunlampahi dening kulawarga ing dhusun Garongan.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Deskripsi Setting Panaliten

1. Papan Tradhisi Tolak Bala

Kecamatan Turi menika salah satunggaling kecamatan ing wilayah kabupaten Sleman. Kecamatan Turi menika dipunperang dados 4 (sekawan) kalurahan, inggih menika kalurahan Wonokerto, kalurahan Girikerto, kalurahan Donokerto, saha kalurahan Bangunkerto. Kalurahan Wonokerto menika ugi dipunperang dados 13, inggih menika Padhukuhan Tunggularum, Padhukuhan Gondoarum, Padhukuhan Sempu, Padhukuhan Banjarsari, Padhukuhan Manggungsari, Padhukuhan Imorejo, Padhukuhan Jambusari, Padhukuhan Dukuhsari, Padhukuhan Garongan Kembang, Padhukuhan Garongan Pojok, Padhukuhan Sangurejo, Padhukuhan Becici, saha Padhukuhan Dadapan.

Dhusun Garongan Kembang menika salah satunggalipun padhukuhan ingkang kalebet ing kalurahan Wonokerto. Ewadene wonten ing padhukuhan Garongan Kembang menika dumados saking 4 RT inggih menika RT 01, RT 02, RT 03, saha RT 04. Padhukuhan Garongan Kembang menika mapan kirang langkung 15 km sisih ler utawi mengaler saking pusat kitha Kabupaten Sleman.

Watesanipun Padhukuhan Garongan Kembang inggih menika:


Sisih ler : Dhusun Nganggrung saha dhusun Dukuhsari

Sisih kidul : Padhukuhan Sangurejo saha dhusun Turi

Sisih kilen : Padhukuhan Garongan Pojok

Sisih wetan : Dhusun Karanggawang Girikerto


Ing ngandhap menika gambar *peta* Kalurahan Wonokerto:



Gambar 02. Peta Kalurahan Wonokerto


Padhukuhan Garongan menika mapan ing salebeting kalurahan Wonokerto. Menawi dipuntingali saking kecamatan Turi, padhukuhan Garongan Kembang menika jarakipun kirang langkung 1,5 km. Tradhisi utawi tata cara tolak bala taksih dipunlampahi dening masarakat ing dhusun Garongan Kembang kangge gesang padintenanipun.

Padhukuhan Garongan Kembang:



28

masarakat RT 03 saha RT 04 utawi dhusun Kembang. Sisih kidul menika papan kangge masarakat RT 01 saha RT 02 utawi dhusun Garongan. Salajengipun ing ngandhap menika dhenah papan dalemipun Ibu Sri Dalpasani ingkang taksih nglampahi tradhisi utawi tata cara tolak bala kangge kaslametan.



Gambar 04. Dhenah Papan Dalemipun

Ibu Sri Dalpasani

2. Paraga Tradhisi Tolak Bala

Paraga tradhisi tolak bala menika dipunlampahi dening salah satunggal kulawarga ingkang wonten ing padhukuhan Garongan Kembang. Paraga menika inggih menika kulawarga ageng ibu Sri Dalpasani ingkang dalemipun ing dhusun Garongan RT 02 RW 18. Sedaya putra saha wayahipun dipuntepangaken saha kedah nglampahi tata cara tolak bala menika. Tradhisi menika dipunlampahi menawi wonten bebaya utawi kangge penolak balak supados bebaya menika boten

siyos dhateng. Andharan menika jumbuh kaliyan andharanipun *informan* inggih menika Ibu Sri Dalpasani:

“kabeh anak putuku kudu tak gawekke among-among karo dongani ben slamet uripe.”

Panaliten bab tradhisi saha tata cara tolak bala dipunlampahi menika sampun *turun-temurun* utawi anggulawentah ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani. Panaliten menika dipunlampahi ing wulan Juli ngantos Agustus 2019. Ingkang dipunmandhegani dening Ibu Sri Dalpasani kangge tata cara tolak bala ing dalem ageng Mujono.

Ing ngandhap menika badhe dipunpratelakaken paraga Kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani:

a. Data Kulawarga

Adhedhasar wawancara kaliyan Ibu Sri Dalpasani (*informan*) dipunandharaken cacahipun *anggota* kulawarga wonten ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani inggih menika 41 priyantun. Ibu Sri Dalpasani taksih gadhah garwa saha putranipun wonten 9 priyantun. Putranipun Ibu Sri Dalpasani menika sampun gadhah garwa sedaya dados 17 priyantun amargi putra 3 garwanipun sampun tilar donya. Wayahipun Ibu Sri Dalpasani wonten 22 priyantun. Wonten ngandhap menika kaandharaken cacahipun *anggota* kulawarga miturut yuswanipun.

Tabel 03: *Anggota* kulawarga miturut yuswa:

No.	Yuswa	Cacahipun
1.	0 – 5 taun	3
2.	6 – 12 taun	5

3.	13 – 30 taun	14
4.	31 – 45 taun	7
5.	46 – 60 taun	11
6.	> 61 taun	1
Cacahing sedaya		41

Cacahing *anggota* kulawarga ingkang yuswa 0 – 5 taun menika wonten 3 priyantun, ingkang yuswa 6 – 12 taun inggih menika 5 priyantun. *Anggota* kulawarga ingkang yuswanipun 13 – 30 taun menika wonten 14 priyantun, ingkang 31 – 45 taun inggih menika 7 priyantun. Salajengipun ingkang yuswa 46 – 60 taun inggih menika wonten 11 priyantun saha ing langkung saking 60 taun wonten 1 priyantun. Dados cacahipun *anggota* kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani wonten 41 priyantun. 41 *anggota* kulawarga menika sedaya sampun dipundamelaken among-among kangge tolak bala saha sampun nglampahi tata cara tolak bala kangge piyambakipun saha kaluawraganipun.

b. Sistem Religi

Adhedhasar wawancara kaliyan Ibu Sri Dalpasani (*informan*) dipunandharaken cacahipun *anggota* kulawarga wonten ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani ingkang ngrasuk agami Islam wonten 40 priyantun, salajengipun ingkang ngrasuk agami Kristen wonten 1 priyantun.

Tabel 04: *Sistem Religi*

No.	Agami	Cacahipun
1.	Islam	40
2.	Kristen	1
Cacahing sedaya		41

Anggota kulawarga ingkang ngrasuk agami islam ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani inggih menika 40 priyantun saha ingkang ngrasuk agami Kristen wonten 1 priyantun. Tradhisi tolak bala menika ugi dipunlampahi miturut

agaminipun. Tuladhanipun ingkang sakmenika anggenipun nglampahi ritual menika migunakaken waosan-waosan basa padintenan utawi basa Jawi saha waosan agami Islam. Menawi rumiyin amargi simbah-simbah menika taksih ngrasuk agami Katholik migunakaken waosan agami Katholik.

c. Tataran Pawiyatan

Adhedhasar wawancara kaliyan Ibu Sri Dalpasani (*informan*), saged dipunmangretosi saking *tataran* pawiyatan ingkang wonten ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken *tataran* pawiyatan *anggota* kulawarga Ibu Sri Dalpasani.

Tabel 05: *Tataran Pawiyatan*

No.	Pawiyatan	Cacahipun
1.	Dereng Sekolah/PAUD/TK	3
2.	SD	5
3.	SMP	1
4.	SMA	5
5.	D3, S1 saha S2	6
6.	<i>Tamat</i> Sekolah	21
Cacahing sedaya		41

Cacahipun *anggota* kulawarga Ibu Sri Dalpasani ingkang taksih PAUD/TK/dereng sekolah wonten 3 priyantun saha ingkang taksih SD wonten 5 priyantun. *Anggota* kulawarga ingkang nembe SMP wonten 1 priyantun saha ingkang nembe SMA wonten 5 priyantun. Salajengipun ingkang taksih D3, S1 saha S2 wonten 6 priyantun saha ingkang sampun *tamat* sekolahipun wonten 21 priyantun.

d. Padamelanipun

Padamelanipun *anggota* kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani menika maneka warni, wonten ingkang dados PNS, Wiraswasta, Pensiunan, lan sapanunggalipun. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken padamelan – padamelan wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani.

Tabel 06: Padamelan

No.	Padamelan	Cacahipun
1.	Sekolah	20
2.	Petani	1
3.	Wiraswasta	18
4.	PNS	1
5.	Pensiunan	1
Cacahing sedaya		41

Padamelan *anggota* Kulawarga Ibu Sri Dalpasani ingkang taksih sekolah kirang langkung wonten 20 priyantun, salajengipun ingkang padamelanipun dados petani menika namung 1 priyantun menika ugi dipunsambi kaliyan pegawai. Ingkang dados pegawai swasta utawi wiraswasta menika wonten 18 priyantun, salajengipun ingkang dados PNS nembe 1 priyantun saha ingkang sampun pesiun wonten 1 priyantun.

B. Sejarah Tata Cara utawi Tradhisi Tolak Bala

Sejarah tradhisi tolak bala kulawarga ing dhusun Garongan menika *turun-temurun* saking para leluhuripun. Miturut gagasan menika, saking panggenanipun Ibu Sri Dalpasani (*informan*) sejarah tradhisinipun menika ugi saking priyantun sepuhipun Ibu Sri Dalpasani piyambak. Priyantun sepuhipun Ibu Sri Dalpasani menika asmanipun Kyai Harjo Utama lan Nyai Pariyem. Leluhuripun Ibu Sri

menika sampun nganut agama Islam ananging kabudayan ajaran Hindhu taksih dipunlestantunaken.

Para leluhuripun Ibu Sri menika sampun nanemaken dhumateng para putra lan wayah kangge nguri-uri kabudayan Jawi. Tuladhanipun netonan, kenduren suran, muludan, among-among, mitoni, lan sapanunggalanipun. Para putra lan wayahipun Ibu Sri Dalpasani ugi dipunajak kangge nglampahi tradhisi-tradhisi menika supados tradhisi menika boten ical. Tradhisi menika ugi agadhah ajaran moral ingkang kathah sanget, inggih menika kasaenan saha sesarengan.

Netonan, Kenduren suran, muludan, mitoni, mitung dinten, nyatus, nyewu, wiwit menika tradhisi ingkang dipunadani dening warga masarakat ing dhusun Garongan. Tradhisi menika rumiyin kedah dipunlampahi dening masarakat ing dhusun Garongan, ananging samenika ingkang taksih nglampahi namung satunggal kulawarga kemawon. Tata cara tradhisi menika ugi badhe dipunpratelakaken ing ngandhap menika.

C. Tata Cara Tradhisi Tolak Bala

Tata cara kangge nglampahi tradhisi tolak bala ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani inggih menika wonten maneka warni, ing ngandhap menika inggih menika:

1. Geblak Simbah

Saben geblakipun simbah utawi ing dinten sedanipun leluhur ingkang utami saha kedah wonten inggih menika toya pethak, toya teh tubruk, toya gendhis jawi, kopi, saha dhedhaharan-dhedhaharan ingkang dipunremeni

kaliyan simbah (leluhur). Tata caranipun tradhisi geblakipun simbah tuladhanipun inggih menika ing ngandhap menika.

Geblakipun simbah kakung ingkang asmanipun Harjo Utama/Karni seda rikala dinten **minggu legi**. Dados saben minggu legi wonten ing salah satunggal lemari tilaranipun simbah kedah dipunsamegtakaken rokok linthingan, bolumprit, sekul, sayur, lawuh, toya pethak, toya teh tubruk, saha kopi. Dhedhaharan saha unjukan menika kedah dipunsuguhaken kaliyan kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani amargi simbah kakung menika remen sanget menawi wonten griya dipunsuguhi dedhaharan kasebat.

Geblakipun simbah putri ingkang asmanipun Harjo Utama/Pariyem seda rikala dinten **minggu kliwon**. Dados saben minggu kliwon wonten ing salah satunggal lemari tilaranipun simbah ugi kedah dipunsamegtakaken kinang, roti jaran, jenang, jadah, sekul, sayur, lawuh, toya pethak, saha toya teh tubruk. Dhedhaharan saha unjukan menika kedah dipunsuguhaken kaliyan kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani amargi simbah putri menika remen sanget menawi wonten griya dipunsuguhi dedhaharan kasebat.

2. Among-among

Tradhisi saklajengipun inggih menika menawi saben lairipun bayi pesthi saha kedah dipunadhani among-among. Wonten ing kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani pesthi ngleksanakaken among-among saha kedah nyamegtakaken maneka warni dhedhaharan. Sekul tumpeng sarta lawuh saha sayur (pakulinanipun dipunsamegtakaken gudhangan), jenang abrit, jenang pethak, jenang baro-baro, saha jajanan pasar. Dhedhaharan menika ingkang kedah

wonten ing tatanan sekul among-among saha dipunperang-perang kaliyan tanggi teparo saha lare-lare alit ing sakiwa-tengenipun griya.

Boten anamung nyamegtakaken dhedhaharan kemawon, ananging wonten ing among-among ugi wonten mantra ingkang dipunginakaken kulawarga. Mantra kasebut uninipun,

“Al-Fatihah.... Al-Ikhlas... Al-Falaq... An-nash ... Al-Fatihah... Sluman-Sluman Slamet, akeh rezekine, dawa umure, urip berkah lan barokah, sabar subur makmur, dohna goda rencanane, cepakno rezekine, nyuwun margi ingkang leres, dadosno kulawarga sakinah mawadah warohmah”.

Mantra kasebat dipunlafalaken dening Ibu Sri Dalpasani utawi putranipun saksampunipun nyajikaken sedaya ubarampe among-among saha salajengipun dipunperang-perang kaliyan tanggi teparo saha lare-lare alit.

3. Bancakan utawi Neptu Lair

Tradhisi ingkang wonten ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani inggih menika saben neptu lair putra saha wayahipun. Saben neptu lair menika kedah nyamegtakaken sekul gudhangan sarta lawuh saha sayuripun. Tuladhanipun Sri Dalpasani lair rikala minggu wage, dados neptunipun minggu wage. Saben minggu wage kedah nyamegtakaken sekul gudhangan sarta lawuh lan sayuripun (tigan, bayem, sawi, kangkung, jembak, saha gereh pethek).

Saklajengipun kangge bumbunipun inggih menika klapa parut, jeruk purut, sarem, kencur, gendhis jawi, lombok, saha bawang saklajengipun dipunuleg saha dipuncampuraken kaliyan sekul gudhangan kalawau. Jenang abrit, jenang pethak, saha baro-baro ugi kedah wonten kangge tata cara neptu kasebat. Jenang baro-baro inggih menika jenang abrit saha jenang pethak

ingkang dipuncampur saklajengipun dipunsamegtakaken klapa parut saha gendhis jawi.

Tata cara tradhisi ing neptu lair menika sanesipun ubarampe kados jenang abrit, jenang pethak, jenang baro-baro, sekul gudhangan saha lawuhipun. Tata cara menika ugi kedah maos Al-Fatihah saha dedonga supados dipunparingi lancer saha katentreman. Tuladha sanesipun inggih menika wayahipun Ibu Sri Dalpasani ingkang nama Dirita Nurnaningsih Pralita Sari, lair rikala senin legi. Neptu lair saking Dirita menika ugi ngleksanakaken tata cara ingkang sampun dipunturunaken kaliyan simbah utawi leluhur, supados gesang ing donya menika tentrem.

4. Pakulinan

Tata cara kangge tradhisi pakulinan ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani inggih menika ing papan-papan tartamtu. Papan-papan menika kedah dipunsamegtakaken unjukan toya pethak, toya teh tubruk, saha kopi. Unjukan-unjukan kasebat dipunsamegtakaken dening Ibu Sri Dalpasani ing pendhopo utawi kamar tamu, pawon, lemarinipun simbah, saha kamaripun simbah. Tradhisi mekaten dipunadani kangge suguhan menawi sakwekdal-wekdal simbah utawi leluhur menika sowan saha wangsul.

Unipun menawi saben dinten saha kulinten damel suguhan unjukan, para leluhur pesthi remen sanget saha njagi griya saking bebaya. Priyantun sanes utawi bab-bab sanes ingkang badhe damel rusuh pesthi dipunadhangi utawi dipuntolak. Dados, kadosta kita damelaken suguhan kangge dhayoh

ingkang sowan ing griyanipun kita, ananging suguhan menika kangge leluhur ingkang boten katingal.

5. Bebaya

Tata cara kangge tradhisi tolak balak bebaya ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani inggih menika menawi badhe wonten bebaya ingkang ageng. Tuladhanipun menawi badhe jawah sarta angin muyeg, ing sudut-sudut griya kedah dipunpyuki sarem (ing salebetipun saha jawi griya). Unipun menawi dipunpyuki sarem sedaya bebaya saged mbalik wonten asalipun utawi sarem dipundadosaken panolak balak. Wonten ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani menika taksih pitados sanget kaliyan mitos saha tradhisi saking para leluhur rumiyin.

Tradhisi saklajengipun inggih menika masang janur, dlingo, bangle, arta 100 rupiah saklajengipun dipuniket migunakaken kaos kaki saha dipunparingaken ing lawang utami griya. Menawi griyanipun Ibu Sri Dalpasani menika dipungantungaken ing sakngajengipun pendhapa. Tradhisi dipunginakaken kangge tolak balak menawi wonten gempa utawi arga erupsi. Ginipun tradhisi menika supados griyanipun saha sedaya kulawarganipun dipunsamegtakaken kaslametan saking sedaya bebaya.

D. Ubarampe Tolak Bala

Ubarampe inggih menika piranti ingkang kedah wonten ing salebeting ritual utawi kangge sarat jejangkepipun tata cara tradhisi. Ubarampe tradhisi tolak bala ing dalemipun Ibu Sri Dalpasani menika awujud dhedhaharan saha piranti-

piranti sanesipun. Ubarampe tradhisi tolak bala ing dalemipun Ibu Sri Dalpasani inggih menika:

1. Rokok Linthingan



Gambar 05 “Rokok Linthingan”.

Rokok linthingan menika ginanipun kangge mengeti Geblak simbah kakung saha dipunadani saben dinten ing lemarinipun simbah kakung jaman rumiyin. Rokok menika kangge nyuguhi simbah kakung menawi simbah kakung sowan utawi wangsul ing griya. Dados rokok menika ingkang utami kangge suguhanipun simbah kakung.

2. Bolumprit



Gambar 06 “Bolumprit”.

Jajanan kadosta bolumprit menika jajanan ingkang dipunremeni dening leluhur ingkang asmaniun Simbah Harjo Utama (Karni). Bolumprit menika ginanipun kangge mengeti Geblak simbah kakung saha dipunsamegtakaken saben dinten ing lemarinipun simbah kakung jaman rumiyin. Bolumprit menika kangge nyuguhi simbah kakung menawi simbah kakung sowan utawi wangsul ing griya. Dados bolumprit saha rokok menika ingkang utami saha kedah wonten kangge suguhanipun simbah Kakung.

3. Sekul, Sayur, saha Lawuh



Gambar 07 “Sekul, Sayur lan lawuh”.

Tata cara geblakipun simbah menika wonten salah satunggaling ubarampe ingkang wajib wonten inggih menika sekul, sayur saha lawuh. Ubarampe menika kedah wonten amargi para leluhur menika jaman rumiyin gesangipun prihatin sanget. Dhedhaharan ingkang dipundhahar ugi

sakwontenipun, menawi wontenipun namung sayur kaliyan lawuh tempe menika kedah dipunsajikaken. Dhedhaharan ingkang dipunsajikaken menika boten awis-awis, menapa ingkang wonten saha dipundamel ten griya kemawon ingkang dipunsuguhaken dhumateng para leluhur saben geblakipun para leluhur.

4. **Toya Pethak**



Gambar 08 “Toya Pethak”.

Toya pethak dipunginakaken ing tolak balak ingkang maneka warni, kadosta geblakipun simbah, among-among, wetu lair, saha pakulinan. Toya pethak menika ingkang wajib dipunadani menawi wonten adicara-adicara tolak balak menika. Toya pethak menika gambaraken kasucian saha dados *penawar* rereged ing sakiwa-tengenipun kita. Menawi kangge pakulinan toya pethak menika kangge suguhan simbah kakung saha simbah putri lan dipunsukakaken wonten lemarinipun simbah.

5. Toya Teh Tubruk



Gambar 09 “Toya Teh Tubruk”.

Toya teh tubruk menika kedah wonten saben dinten ing pendhapa (griya tengah) saha lemarinipun simbah. Ginanipun toya menika kangge unjukan para leluhur ingkang sowan utawi wangsul supados para leluhur menika seger malih saha arwahipun remen. Miturut Ibu Dalpasani, leluhuripun langsung remen menawi putra wayahipun eling dhumateng leluhuripun saha boten dipundalaken.

6. Kopi



Gambar 10 “Kopi”.

Kopi utawi toya kopi menika dipundamelaken amargi ing jaman rumiyin simbah kakung utawi leluhuripun Ibu Sri Dalpasani menika menawi wonten dayoh/tamu kedah nyuguhi kopi. Salajengipun ngantos sakmenika menawi sonten ing pendhapa griyanipun Ibu Sri Dalpasani dipunparingi unjukan kopi. Wosipun kangge nyuguhi dhayoh ingkang sami sowan ing griyanipun simbah saha eling kaliyan dhayohipun simbah.

7. Jadah saha Jenang (Jajan Peken)



Gambar 11 “Jenang lan Jadah”.

Jajanan peken kadosta jadah saha jenang menika jajanan ingkang dipunremeni dening leluhur ingkang asmanipun Simbah Harjo Utama (Pariyem) Simbah putri. Jadah saha jenang menika ginanipun kangge mengeti Geblak simbah kakung lan simbah putri ugi dipunsamegtakaken saben dinten ing lemarinipun simbah jaman rumiyin. Jadah saha jenang menika kangge nyuguhi simbah menawi simbah sowan utawi wangsul ing griya. Dados dipunjejeraken kaliyan bolumprit saha rokok saha dedhaharan menika ingkang kedah wonten kangge suguhanipun simbah.

8. Roti Jaran



Gambar 12 “Roti Jaran”.

Jajanan peken kadosta roti jaran menika jajanan ingkang dipunremeni dening leluhur ingkang asmanipun Simbah Harjo Utama (Pariyem). Bolumprit menika ginanipun kangge mengeti Geblak simbah putri saha dipunsamegtakaken saben dinten ing lemarinipun simbah putri jaman rumiyin. Roti jaran menika kangge nyuguhi simbah putri menawi simbah putri sowan utawi wangsul ing griya. Dados roti jaran menika ingkang utami saha kedah wonten kangge suguhanipun simbah putri.

9. Sekul Gudhangan



Gambar 13 “Sekul Gudhangan”.

Ubarampe kados sekul gudhangan menika dipunadani kangge among-among. Kangge among-among menika kedah pepakan kadosta sekul, gudhangan (bayem, sawi, kangkung, jembak, gereh pethek), saha tigan. Ginanipun sekul gudhangan menika supados bayi ingkang nembe lair menika gadhah kalodhangan, tuladhanipun kalodhangan kangge kulawarganipun, negarinipun, sekolahipun, lan sapanunggalanipun.

10. Jenang Pethak saha Jenang Abrit



Gambar 14 “Jenang Pethak”.



Gambar 15 “Jenang Abrit”.

Jenang pethak saha jenang abrit menika ubarampe kangge prosesi tradhisi utawi tata cara among-among saha neptu kalairan. Ginanipun jenang pethak saha jenang abrit menika ugi beda. Menawi jenang pethak menika ginanipun kangge kasucian keng bayi utawi keng putra wayah supados bayinipun benjing dados pasucen kangge kulawarganipun. Menawi jenang abrit menika nyimbolaken abrit cahyanipun supados bayinipun saged damel cahya kangge kulawarganipun.

11. Jenang Baro-baro



Gambar 16 “Jenang baro-baro”.

Gambar ing nginggil menika inggih menika jenang baro-baro utawi jenang abrit saha jenang pethak dipuncampur saha ing nginggilipun dipunsamegtakaken gendhis jawi saha parutan klapa. Jenang baro-baro dipunginakaken kangge ubarampe among-among saha neptu kalairan. Ginanipun jenang baro-baro menika inggih menika menawi wonten salah supados boten kenging godha rencananipun.

12. Toya Gendhis Jawi



Gambar 17 “Toya Gendhis Jawi”.

Toya gendhis jawi menika salah satunggalipun ubarampe pakulinan utawi tradhisi padintenan ingkang dipunlampahi dening kulawarga Ibu Sri Dalpasani. Toya gendhis jawi menika dipunparingaken ing pendhapa saha lemarinipun simbah. Ginanipun toya menika miturut leluhuripun Ibu Sri Dalpasani, kangge nguri-uri kabudayan Jawi saha supados para leluhur menika tentrem ing alam sakmenika. Sakderengipun toya menika dipunparingaken wonten pendhapa kedah dipundongakaken rumiyin saha dipunwaosaken Surat Yassin.

13. Sekul Tumpeng



Gambar 18 “Sekul Tumpeng”.

Ubarampe kados sekul tumpeng menika dipunadani kangge among-among saha neptu kalairan. Kangge among-among menika kedah pepakan kadosta sekul, gudhangan (bayem, sawi, kangkung, jembak, gereh pethek), jajan peken, tape, saha tigan. Ginanipun sekul tumpeng menika supados bayi ingkang nembe lair utawi priyantun ingkang neptunipun kaangkah menika saged madeg sakdhuwuripun. Pangangkah ingkang dipunraosi supados kaleksanan saha gesangipun dadosaken ngelmu kangge priyantun kathah.

14. Sarem



Gambar 19 “Sarem”.

Sarem menika dipunginakaken kangge tolak balak menawi wonten bebaya. Tata caranipun menawi jawah deres sanget saha ngangge angin menika sarem dipunsebaraken ing sudut-sudut griya saha dipunpyukaken ing latar saha alas. Sarem menika dipunsebaraken sinambi maos waosan ayat-ayat suci Al-Qur'an, supados Gusti Allah ugi ngijabahi panyuwunan tolak balak menika.

15. Janur, Dlingo, Bengle, Arta 100 Rupiah, saha Kinang



Gambar 20 “Janur kupat”.



Gambar 21 “Dlingo lan bingle”.

Ubarampe menika dipunginakaken menawi badhe wonten bebaya, utawi kangge tolak balak menawi wonten bebaya. Janur, dlingo, bingle, kinang saha arta 100 rupiah menika dipuniket kaliyan kaos kaki saha dipunparingaken ing lawing utami griya. Menawi griyanipun Ibu Sri Dalpasani menika dipungantungaken ing sakngajengipun pendhapa. Janur nyimbolaken suci supados bebaya menika ajrih, dlingo saha bingle menika nyimbolaken wewangen ingkang sedhep saha bebaya menika ugi ajrih saha kangge nyirnaning wewatak angkara, ingkang arta 100 rupiah menika supados rezeki menika boten dipunpendhet kaliyan priyantun sanes.

16. Sekar



Gambar 22 “Sekar melathi, mawar, kanthil, kasturi”.

Ubarampe kados sekar melathi, mawar, kanthil, kasturi menika dipunginakaken kangge sajen menawi among-among saha neptu lair. Ubarampe menika gadhah makna kangge pagesangan gesang ing donya. Menawi sekar melathi menika nyimbolaken wewatak suci, sekar mawar menika nyimbolaken wewatak wanton, sekar kanthil menika nyimbolaken wewatak ingkang wangi lan sae, saha kasturi kangge seserepan ingkang sae lan wangi.

E. *Nilai-nilai* Budaya Tata Cara Tolak Bala

Miturut Djamaris, (1996:3) ngandharaken bilih *nilai-nilai* budaya kaperang dados 5 pola hubungan inggih menika (1) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan Tuhan, (2) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan ngalam, (3) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan masarakat, (4) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan sasami, (5) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan piyambakipun. Miturut pola *nilai* budaya menika, dados

nilai-nilai budaya ingkang wonten ing tradhisi utawi tata cara tolak bala ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani saged kaandharaken ing ngandhap menika:

1. Nilai Budaya Ingkang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Gusti Allah (Tuhan)

Miturut sejarahipun, wonten tlatah Jawi pola pamikiranipun leluhur utawi priyantun sepuh ing jaman rumiyin bab kapitadosan menika asring gontas-gantos. Sakderengipun tepang kaliyan agami, priyantun Jawi taksih pitados kaliyan roh-roh para leluhur. Suwardi, (2017: 129), ngandharaken priyantun Jawi menika damel mitos saha tradhisi-tradhisi, wosipun kangge ngormati roh-roh para leluhur.

Tradhisi ingkang dipunlampahi dening kulawarga Ibu Sri Dalpasani wonten ingkang taksih gayut kaliyan manungsa lan Gusti Akarya Jagad inggih menika mantra among-among. Mantra among-among menika dipunpenggalih supados bayi ingkang nembe lair menika dipunsamegtakaken kaslametan, karaharjan, kabegjan, saha kasarasan. Tata cara tradhisi among-among wonten ing kulawaraganipun Ibu Sri Dalpasani, saksampunipun ubarampe among-among tumata saklajengipun Ibu Sri Dalpasani ngaturaken mantra among-among kados mekaten.

“Al-Fatihah.... Al-Ikhlash... Al-Falaq... An-nash ... Al-Fatihah... Sluman-Sluman Slamet, akeh rezekine, dawa umure, urip berkah lan barokah, sabar subur makmur, dohna goda rencanane, cepakno rezekine, nyuwun margi ingkang leres, dadosno keluarga sakinah mawadah warohmah”.

Mantra menika dipunaturaken ing sakngajengipun dhedhaharan utawi ubarampe among-among saha bayi ingkang badhe dipunamong-amongi. Mantra menika mujudaken menawi manungsa menika gadhah gegayutan

kaliyan Gusti Inkgang Maha Agung (Allah). Tradhisi ingkang dipunlampahi kaliyan kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani menika migunakaken mantra-mantra ingkang Islam saha basa Jawi, amargi kulawarga menika nganut agami Islam saha asli priyantun Jawi.

Tradhisi sanesipun ingkang wonten gayutipun manungsa kaliyan Gusti inggih menika tradhisi bancakan utawi neptu lair. Mantra bancakan menika dipunpenggalih supados priyantun ingkang dipunwetoni utawi dipunbancaki menika dipunsamegtakaken kaslametan, karaharjan, kabegjan, saha kasarasan. Tata cara tradhisi bancakan wonten ing kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani, saksampunipun ubarampe bancakan tumata saklajengipun Ibu Sri Dalpasani ngaturaken mantra among-among kados mekaten.

“Kyai among nyai among, ngaturaken pisungsung kangge leluhur ingkang sampun nurunaken putu ingkang nama Dirita Nurnaningsih Pralita Sari lair ing dinten senin legi, mugia tansah njangkung lan njampangi lampahipun, dados priyantun ingkang tansah hambeg utama, wilujeng rahayu, mulya, santosa, lan raharja. Wilujeng rahayu kang tinemu. Banda lan begja kang teko. Kabeh saka kersaning Gusti”.

Mantra menika dipunaturaken ing sakngajengipun dhedhaharan utawi ubarampe bancakan saha priyantun ingkang badhe dipunbancaki. Mantra menika mujudaken menawi manungsa menika gadhah gegayutan kaliyan Gusti Inkgang Maha Agung (Allah). Tradhisi ingkang dipunlampahi kaliyan kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani menika migunakaken mantra-mantra ingkang Islam saha basa Jawi, amargi kulawarga ageng menika meh sedayanipun nganut agami Islam saha asli priyantun Jawi.

2. *Nilai Budaya Inggang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Alam*

Tradhisi-tradhisi ing kulawarga, manungsa ingkang gadhah gegayutan kaliyan alam inggih menika tradhisi bab bebaya. Wonten ing kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani wonten maneka warni tradhisi kangge tolak balak menawi badhe wonten bebaya. Tolak balak menika gadhah ancas saha kulawarga menika pitados tradhisi menika saged damel pagesanganipun slamet saha raharja.

Tuladhanipun menawi badhe wonten jawah ngangge angin menika ubarampe ingkang dipunsamegtakaken inggih menika sarem. Tata caranipun sarem menika dipunsebar ing sudhut-sudhut griya saha ing sedaya griya (wonten lebet saha wonten jawi) menika kedah dipunpyuki sarem menika. Wosipun nyebaraken sarem menika kangge tolak balak supados sedaya kulawarga saha griya menika boten kenging marabebaya. Sarem menika dipunginakaken kangge balikaken bebaya menika wonten *asal*-ipun.

Tuladha sanesipun ingkang asring dipunadani kaliyan kulawarga menika inggih menika menawi arga merapi erupsi. Ubarampe ingkang kedah dipunsamegtakaken janur, dlingo, bengle, arta 100 rupiyah saklajengipun dipuniket migunakaken kaos kaki saha dipunparingaken ing lawang utami griya. Menawi griyanipun Ibu Sri Dalpasani menika dipungantungaken ing sakngajengipun pendhapa. Tradhisi menika dipunginakaken kangge tolak balak menawi wonten gempa utawi arga erupsi. Ginanipun tradhisi menika supados griyanipun saha sedaya kulawarganipun dipunsamegtakaken kaslametan saking sedaya bebaya.

Tradhisi tolak balak saklajengipun inggih menika menawi kulawarga menika mundhut kendharaan enggal menika sakderengipun mlampah kapisan kedah nyamegtakaken tasbih ing ngajengipun kendharaan menika. Saklajengipun kendharaan menika dipunsirami ngangge toya sekar mawar saha sekar melathi. Wosipun tradhisi menika dipunadani supados kendharaan menika boten kening bebaya saha dipundadosaken tolak balak kangge bebaya ing pundi kemawon.

Maneka warni tradhisi ing nginggil menika *nilai* budaya ingkang gayut sanget kaliyan alam amargi manungsa menika kedah awor kaliyan alam. Ingkang dipuntegesi ing tradhisi tolak balak menika supados manungsa menika eling saha waspada. Alam menika ugi njagi kasarasan dhumateng manungsa, manungsa ugi kedah njagi kasarasan kaliyan alam, supados alam menika boten nyaosi mara bebayan kangge para manungsa.

3. Nilai Budaya Ingkang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Masarakat

Tradhisi saklajengipun manungsa gadhah gegayutan kaliyan masarakat inggih menika tradhisi among-among. Tradhisi among-among dipungayutaken manungsa kaliyan masarakat amargi tata cara among-among menika ugi gayut kaliyan masarakat sakiwa-tengenipun. Menapa malih taksih mapan wonten dhusun, tanggi tepalih asring paring pandonga kangge bayi menika saklajengipun tumut ngamong-amongi.

Tuladhanipun ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani asring ngadani among-among kangge wayahipun ingkang nembe lair. Ubarampe ingkang kedah dipunsamegtakaken menika kedah asiling masakanipun piyambak, priyantun

sanes boten kepareng ngresoi. Ubarampe ingkang kedah dipunsamegtakaken inggih menika sekul tumpeng sarta lawuh saha sayur (pakulinanipun dipunsamegtakaken gudhangan), jenang abrit, jenang pethak, jenang baro-baro, saha jajanan pasar. Dhedhaharan menika ingkang kedah wonten ing tatanan sekul among-among saha dipunperang-perang kaliyan tanggi tepalih saha lare-lare alit ing sakiwa-tengenipun griya.

Saking tuladha tradhisi menika *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan masarakat inggih menika tata cara nyaosaken dhedhaharan among-among ing tanggi tepalih saha lare-lare alit ing sakiwa-tengenipun griya. Miturut Ibu Sri Dalpasani menika sedaya bayi utawi lare saking kulawarganipun kedah dipunamong-amongi. Supados lare menika slamet bagas waras, lancar rezekinipun saha ingkang wigati sanget inggih menika saged murakabi kangge sedaya kulawarga, nagari, lan sakpanunggalanipun.

4. *Nilai* Budaya Inggang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Sasami

Tradhisi ing kulawarga, manungsa ingkang gayut kaliyan sasami inggih menika saben geblagipun simbah utawi geblagipun leluhur. Ing dinten sedanipun simbah utawi sedanipun leluhur menika dipungayutaken manungsa kaliyan sasami amargi ing tata cara tradhisi menika paraga ingkang nglampahi inggih menika putra wayah dhumateng leluhuripun. Putra wayah menika paraga manungsa saha leluhuripun menika nyimbolaken sasami. Wonten ing dhusun Garongan Kembang menika taksih wonten kulawarga ingkang taksih njagi budaya menika, saged kapratelakaken ing ngandhap menika.

Tuladhanipun ing kulawarga Ibu Sri Dalpasani menika saben geblagipun simbah taksih nglampahi tradhisi nyaosi dhedhaharan kaliyan unjukan. Ubarampe ingkang kedah dipunsamegtakaken kangge suguhan menika inggih menika toya pethak, toya teh tubruk, toya gendhis jawi, kopi, saha dhedhaharan ingkang dipunremeni dening simbah utawi leluhur. Ibu Sri Dalpasani menika nyamegtakaken dhedhaharan saha unjukan menika ing pendhapa, kamaripun simbah, saha lemari tilaranipun simbah.

Geblakipun simbah kakung ingkang asmanipun Harjo Utama/Karni seda rikala dinten **minggu legi**. Ubarampe ingkang kedah dipunsamegtakaken inggih menika rokok linthingan, bolumprit, sekul, sayur, lawuh, toya pethak, toya teh tubruk, saha kopi. Dados saben minggu legi wonten ing salah satunggal lemari tilaranipun simbah dipunsamegtakaken ubarampe menika. Dhedhaharan saha unjukan menika kedah dipunsuguhaken kaliyan kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani amargi simbah kakung menika remen sanget menawi wonten griya dipunsuguhi dedhaharan kasebat.

Geblakipun simbah putri ingkang asmanipun Harjo Utama/Pariyem seda rikala dinten **minggu kliwon**. Ubarampe ingkang kedah dipunsamegtakaken inggih menika kinang, roti jaran, jenang, jadah, sekul, sayur, lawuh, toya pethak, saha toya teh tubruk. Dados saben minggu kliwon wonten ing salah satunggal lemari tilaranipun simbah dipunsamegtakaken ubarampe menika. Dhedhaharan saha unjukan menika kedah dipunsuguhaken kaliyan kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani amargi simbah putri menika remen sanget menawi wonten griya dipunsuguhi dedhaharan kasebat.

Saking tuladha tradhisi menika *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan sasami inggih menika tata cara nyamegtakaken dhedhaharansaha unjukan utawi ubarampe kangge leluhur utawi simbah. Miturut Ibu Sri Dalpasani menika para leluhur menika remen sanget menawi putra saha wayahipun eling kaliyan leluhuripun. Saking raos remen leluhur menika dipunjabah kulawarga putra wayahipun saged gesang slamet saha begja.

5. Nilai Budaya Ingkang Gayut Kaliyan Manungsa Lan Piyambakipun

Tradhisi ing kulawarga, manungsa ingkang gayut kaliyan piyambakipun inggih menika tradhisi bancakan utawi neptu lair. Ing dinten lairipun piyambak menika dipungayutaken manungsa kaliyan piyambakipun amargi ing tata cara tradhisi menika paraga ingkang nglampahi inggih menika piyambakipun piyambak. Dados piyambakipun menika dados panjer kangge pagesanganipun. Wonten ing dhusun Garongan Kembang menika taksih wonten kulawarga ingkang taksih njagi budaya menika, saged kapratelakaken ing ngandhap menika.

Tuladhanipun ing kulawarganipun Ibu Sri Dalpasani, Ibu Sri Dalpasani menika kagungan wayah ingkang nama Dirita Nurnaningsih Pralita Sari. Dirita menika lair ing dinten **senin** neptu **legi**. Ubarampe ingkang kedah dipunsamegtakaken kangge tradhisi menika inggih menika sekul gudhangan sarta lawuh lan sayuripun (tigan, bayem, sawi, kangkung, jembak, saha gereh pethek). Saklajengipun kangge bumbunipun inggih menika klapa parut, jeruk purut, sarem, kencur, gendhis jawi, lombok, saha bawang saklajengipun dipunuleg saha dipuncampuraken kaliyan sekul gudhangan kalawau. Jenang

abrit, jenang pethak, saha baro-baro ugi kedah wonten kangge tata cara neptu kasebat. Jenang baro-baro inggih menika jenang abrit saha jenang pethak ingkang dipuncampur saklajengipun dipunsamegtakaken klapa parut saha gendhis jawi.

Ubarampe kasebat kedah wonten ing tata cara tradhisi bancakan menika. Saking tuladha tradhisi menika *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan piyambakipun inggih menika tata cara nyamegtakaken ubarampe saha nglampahi tradhisi kangge kaslametanipun piyambakipun. Miturut Ibu Sri Dalpasani menika sedaya putra wayah saking kulawarganipun kedah dipunbancaki. Ginanipun supados putra wayahipun menika slamet bagas waras, lancar rezekinipun saha ingkang wigati sanget inggih menika saged murakabi kangge sedaya kulawarga, nagari, lan sakpanunggalanipun.

F. Winatesing Panaliten

Salebeting panaliten ingkang kalampahan, tamtu wonten kekirangan saha winatesipun. Panaliten kanthi irah-irahan Tata Cara Tolak Bala Ing Dhusun Garongan Kembang Kalurahan Wonokerto Kecamatan Turi Kabupaten Sleman Daerah Istimewa Yogyakarta, taksih tebih saking kasampurnan jalaran winates saha *objek* ingkang dipunteliti taksih kathah prekawis ingkang saged dipunteliti langkung lebet malih. Ewadene winatesing panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika:

1. Menawi dipuntingali saking *objek* ingkang dipunteliti, panaliten menika winates ngrembag tata cara tradhisi ing kulawarga, anamung satunggal kulawarga ing dhusun Garongan menika.

2. Menawi adhedhasar prekawis ingkang dipunrembag, panaliten menika naming ngrembag prekawis tata cara saha nilai-nilai budayanipun saking tradhisi kulawarga menika.
3. Panaliten menika ugi winates migunakaken *teori* nilai-nilai budaya kemawon.
4. Panaliti namung mendhet satunggal kulawarga kangge neliti tata cara tolak bala ing dhusun garongan. Amargi ing dhusun menika naming satunggal kulawarga menika ingkang taksih nglestantunaken tradhisi menika.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun panaliten ngengingi tata cara tolak bala ing dhusun Garongan Kembang, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta, saged dipunpendhet dudutan ingkang badhe kaandharaken ing ngandhap menika:

1. Tata cara tradhisi ing panaliten menika inggih menika kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani ingkang pidalem ing dhusun Garongan Kembang, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta. Tradhisi ingkang dipunlampahi dening kulawarga Ibu Sri Dalpasani inggih menika saben geblagipun simbah utawi leluhur, tradhisi among-among utawi lare nembe lair (bayi), tradhisi bancakan utawi neptu lair, tradhisi pakulinan, saha tradhisi nolak bebaya.
2. Ubarampe ingkang dipunginakaken kangge tradhisi menika inggih menika Rokok linthingan, bolumprit, sekul sayur lan lawuh, toya pethak, toya teh tubruk, kopi, jajan peken, roti jaran, sekul gudhangan, jenang pethak, jenang abrit, baro-baro, toya gendhis jawi, sekul tumpeng, sareng, janur, dlingo, bangle, arta 100 rupiah, kinang, saha sekar.
3. *Nilai-nilai* budaya ingkang dipunkaji wonten 5 inggih menika (1) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan Tuhan, (2) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan ngalam, (3) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan masarakat, (4) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan sasami, (5) *nilai* budaya ingkang gayut kaliyan manungsa lan piyambakipun.

Nilai-nilai budaya menika gadhah *aspek* piyambak saking tradhisi tolak balak menika.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten prastawa tata cara tradhisi tolak balak ing dhusun Garongan. Tata cara tradhisi menika dipunlampahi dening salah satunggaling kulawarga ageng ing dhusun Garongan menika. Tradhisi ingkang dipunlampahi kadosta saben geblagipun simbah utawi leluhur, tradhisi among-among utawi lare nembe lair (bayi), tradhisi bancakan utawi neptu lair, tradhisi pakulinan, saha tradhisi nolak bebaya.

Kangge pamaos, panaliten menika kaajab saged dados *referensi* utawi *acuan* saha pandom kangge panaliten sanesipun ngengingi ngelmu *etnografi* mliginipun bab tata cara tradhisi kulawarga. Pamaos ugi saged mangertosi bilih tradhisi menika kedah dipunlestantunaken saha dipuntepangaken kaliyan priyantun sanes supados dados pandom saha tuntunan gesang ing kulawarga saha masarakat.

Menawi kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa PPs UNY, asiling panaliten menika saged dipundadosaken *acuan* saha pandom kangge ngelmu bab tata cara tradhisi kulawarga. Panaliten menika ugi saged kaajab supados maringi *kontribusi* kangge pendidikan mliginipun bab budaya. Supados saged mangertos menapa kemawon tradhisi ing kulawarga saha tata caranipun nglampahi tradhisi ing kulawarga menika kadospundi, mliginipun ing dhusun Garongan.

C. Pamrayogi

Adhedhasar saking dudutan saha implikasi ing nginggil ingkang sampun dipunandharaken menika, panaliten bab tata cara tradhisi tolak balak ing dhusun

Garongan, Wonokerto, Turi, Sleman, Yogyakarta menika dipunajab supados saged nambah ngelmu saha paring kawruh mliginipun panaliten bab budaya ing salebetipun masarakat. Asiling panaliten menika taksih kathah sanget kekiranganipun amargi winatesing seserepan ingkang dipunmangertosi dening panaliti, amargi saking menika prelu dipuntindakaken panaliten ingkang langkung wiyar ngengingi bab tata cara tradhisi tolak balak ing dhusun Garongan kasebat. Kanthi tuladha panaliten sanesipun saged ngrembakaken malih bab tata cara tradhisi tolak balak kanthi *kajian Etnografi* ing dhusun Garongan Kembang.

KAPUSTAKAN

- Agung, Agus, dkk. (2014). *Teori, Etnografi, dan Refleksi*. Yogyakarta: Percetakan Kanisius Yogyakarta.
- Djamaris, Edward, dkk. (1996). *Nilai Budaya Dalam Beberapa Karya Sastra Nusantara*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. (2006). *Mistik Kejawaen: Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme Dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- _____. (2010). *Folklor Jawa. Macam, Bentuk, dan Nilainya*. Yogyakarta: Penaku.
- _____. (2011). *Metodologi Penelitian Tradhisi Lisan*. Yogyakarta: Kanwa Publisier.
- _____. (2017). *Metode Penelitian Antropologi Budaya Pengenalan, Pemahaman dan Penerapan*. Yogyakarta: Pasacasarjana.
- _____. (2017). *Metode Penelitian Etnografi Budaya Konsep, Ragam, dan Implementasi*. Yogyakarta: UNY Press.
- Gustiranto. (2017). “*Nilai-nilai Tradisional Tolak Bala Di Desa Betung Kecamatan Pangkalan Kuras Kabupaten Pelalawan*” Jom FISIP, Vol 4, Nomer 1, Februari 2017.
- Hidayat, Arif. (2016). “*Budaya Konsumen Bulan Ramadan Bagi Masyarakat Modern di Indonesia*” Jurnal IBDA, Vol. 14. Nomer 2, Juli – Desember 2016. www.ejournal.iainpurwokerto.ac.id.
- Jones, Tod. (2015). *Kebudayaan dan Kekuasaan Di Indonesia*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.
- Kartikowati, dan Hidir. (2014). “*Sistem Kepercayaan Di Kalangan Ibu Hamil Dalam Masyarakat Melayu*” Jurnal Farallela, Vol 1. Nomer 2, desember 2014.
- Kasniyah, Naniek. (1995). “*Pendekatan Kualitatif: Kebiasaan dan Kepercayaan Pemberian Makanan Padat Dini Pendamping ASI Kepada Bayi Pada Orang Sasak Di Daerah Nusa Tenggara Barat*” Jurnal Humaniora, November 1995. www.jurnal.ugm.ac.id.
- Koetjaraningrat. (1984). *Kabudayan Jawi*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

- _____. (2009). *Pengantar Ilmu Antropologi Edisi Revisi*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Lixian, Xiao. (2013). “*Analisis Struktural Novel Hong Lou Meng*” Jurnal Humaniora, Vol. 25. Nomer 2, Juni 2013. www.jurnal.ugm.ac.id.
- Moleong, J.Lexy. (2005). *Metode Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Muhammad. (2011). *Metode Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Ar-ruzz Media.
- Ningsih, Tutuk. (2019). “*Tradisi Saparan dalam Budaya Masyarakat Jawa di Lumajang*” Jurnal IBDA, Vol. 17. Nomer 1, Mei 2019. www.ejournal.iainpurwokerto.ac.id.
- Partokusumo, Karkono. (1995). *Kebudayaan Jawa, Perpaduannya dengan Islam*. Yogyakarta: Percetakan Aditya Media.
- Poerdaminta, W.J.S. (1939). *Baosastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij.
- Primatama dan Daniel. (2018). “*City Architecture as the Production of Urban Culture: Semiotics Review for Cultural Studies*” Jurnal Humaniora, Vol. 30. Nomer 3, Oktober 2018. www.jurnal.ugm.ac.id.
- Purwadi. (2015). *Kajian Kesenian Jawa*. Yogyakarta: Bangun Bangsa Yogyakarta.
- Rukesi dan Sinoto. (2017). *Nilai Budaya Dalam Mantra Bercocok Tanam Pasi di Desa Ronggo, Kecamatan Jaken, Kabupaten Pati, Jawa Tengah (Kajian Fungsi Sastra)*. BASINDO Jurnal Kajian Bahasa, Sastra Indonesia, dan Pembelajaran. Vol 1. Nomer 1, April 2017.
- Sarjana, dan Kuswa Endah. (2008). *Pranata Sosial dalam masyarakat Jawa*. Yogyakarta: CV. Grafika Indah.
- Spradley, J. James. (1997). *Metode Etnografi (Pengantar: Dr. Amri Marzali.M.A)*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogya.
- Sudaryanto. (1991). *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa (Suntingan)*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudiati, Santoso Joko. (2000). “*Nilai-nilai Budaya Cerita Lisan Di Wilayah Pesisir Selatan Pantai Parangtritis Daerah Istimewa Yogyakarta*” Jurnal Humaniora, Nomer 1, 2000. www.jurnal.ugm.ac.id.

- Theron, Deudney Edna. (1991). "*Mythos As Paradigma*" Jurnal Literator 12, Vol. 12. Nomer 3, November 1991. www.literator.org.za.
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. (2011). *Bausastra Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Trihtarani, Febriani Elfida. (2019). "*The Clash of Traditional and Modern Cultures in the Novels Samdae (Three Generations) by Yeom Sang Seop and Tetralogi Buru (Buru Quartet) by Pramoedya Ananta Toer*" Jurnal Humaniora, Vol. 31. Nomer 2, Juni 2019. www.jurnal.ugm.ac.id
- Tjaroko HP Teguh Pranoto. (2009). *Tata Upacara Adat Jawa*. Yogyakarta: Kuntul Press.
- Widayat, Rahmanu. (2004). "*Krobongan Ruang Sakral Rumah Tradhisi Jawa*". Jurnal Nasional Dimensi Interior. Vol 2. Nomer 1, Juni 2004.
- Wulandari, Widya. (2013). *Mitos Dalam Upacara Petik Laut Masyarakat Madura Di Muncar Banyuwangi: Kajian Etnografi*. Skripsi S1. Jember: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, FKIP, Universitas Jember.

LAMPIRAN

DOKUMENTASI

1. Ubarampe Tolak Balak Tradhisi Geblak Simbah



Gambar Ubarampe Tradhisi Pakulinan



Toya Teh Tubruk

Gambar Salajengipun



Toya Pethak



Kopi

Gambar Salajengipun



Jajan Peken



Roti Jaran

Gambar Salajengipun



Toya Gendhis Jawi



Bolumprit

Gambar Salajengipun



Rokok Linthingan



2. Ubarampe Tolak Balak Tradhisi Among-among



Gambar Ubarampe Among-among



Sekul Gudhangan

Gambar Salajengipun



Baro-baro



Jenang Pethak

Gambar Salajengipun



Jenang Abrit



Toya Gendhis Jawi

Gambar Salajengipun



Toya Teh Tubruk



Toya Pethak

Gambar Salajengipun



Jenang saha Jadah



Jajan Peken

Gambar Salajengipun



Sekul Tumpeng



Sekul Gudhangan

3. Ubarampe Tolak Balak Tradhisi Bancakan



Gambar Ubarampe Bancakan



Sekul Tumpeng

Gambar Salajengipun



Jenang Pethak



Jenang Abrit

Gambar Salajengipun



Toya Gendhis Jawi



Toya Teh Tubruk

Gambar Salajengipun



Toya Pethak



Jenang saha Jadah

Gambar Salajengipun



Jajan Peken



Baro-baro

4. Ubarampe Tolak Balak Tradhisi Pakulinan



Ubarampe Pakulinan



Toya Gendhis Jawi

Gambar Salajengipun



Toya Teh Tubruk



Toya Pethak

Gambar Salajengipun



Rokok Linthingan



Kinang



Toya Gendhis Jawi

5. Ubarampe Tolak Balak Nalika Wonten Bebaya



Gambar Ubarampe Nalika Wonten Bebaya



Suwug

Gambar Salajengipun



Kinang



Lathu

Gambar Salajengipun



Sarem



Janur

Gambar Salajengipun



Dlingo Benge



Sekar

Tabel Pandom Observasi

No	Konteks			Tata Cara Tolak Bala	Katrangan
	Situasi	Papan	Kulawarga		
1.	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani	Ibu Sri Dalpasani	Bancakan utawi neptu lair	Nalika neptu menika kulawarga kasebat pesthi damel sekul gudhangan ingkang lengkap migunakakan jangan saha lawuhipun, jenang abrit, jenang pethak, baro-baro, saha blowok. Ubarampe menika asring dipunsebat kaliyan bancakan.
2.	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani	Ibu Sri Dalpasani	Among- among	Tata caranipun menawi bayi ingkang nembe lair saklajengipun dipun among-amongi. Ubarampe ingkang dipunginakaken inggih menika sekul tumpeng sarta lawuh saha sayur (pakulinanipun dipunsamegtakaken gudhangan), jenang abrit, jenang pethak, jenang baro-baro, saha jajanan pasar.

Tabel Salajengipun

No	Konteks			Tata Cara Tolak Bala	Katrangan
	Situasi	Papan	Kulawarga		
3.	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani	Ibu Sri Dalpasani	Geblagipun simbah utawi dinten sedanipun leluhur	Ubarampe ingkang dipunginakaken inggih menika toya pethak, toya teh tubruk, toya gendhis jawi, kopi, saha dhedhaharan-dhedhaharan ingkang dipunremeni kaliyan simbah (leluhur). Ubarampe menika dipunsamegtakaken ing lemaripun simbah ing jaman rumiyin.
	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani	Ibu Sri Dalpasani	Tradhisi Pakulinan	Ubarampe ingkang dipunginakaken inggih menika unjukan toya pethak, toya teh tubruk, saha kopi. Ubarampe menika dipunsamegtakaken wonten papan-papan tartamtu, ananging ingkang kedah dipunsamegtakaken wonten pendhapa saha lemari tilaranipun simbah.

Tabel Salajengipun

No	<i>Konteks</i>			Tata Cara Tolak Bala	Katrangan
	<i>Situasi</i>	Papan	Kulawarga		
5.	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani	Ibu Sri Dalpasani	Tolak balak menawi badhe wonten bebaya	Ubarampe ingkang dipunginakaken inggih menika sarem, janur, dlingo, bingle, arta 100 rupiyah, saha kinang. Sarem dipunsebaraken ing sakiwa-tengenipun griya saha janur, dlingo, bingle, arta 100 rupiyah, saha kinang dipungantungaken ing ngajeng lawang.

Tabel Pandom Wawancara

No.	Kulawarga	Situasi	Papan saha Wekdal	Tata Cara Tolak Bala
1.	Ibu Sri Dalpasani	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani saha 28 Juli 2019 09 September 2019 29 November 2019	Tata cara bancakan utawi neptu lair ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani
2.	Ibu Sri Dalpasani	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani saha 28 Juli 2019 09 September 2019 29 November 2019	Tata cara geblagipun simbah utawi leluhur ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani
3.	Ibu Sri Dalpasani	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani saha 28 Juli 2019 09 September 2019 29 November 2019	Tata cara tradhisi among- among ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani
4.	Ibu Sri Dalpasani	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani saha 28 Juli 2019	Tata cara tradhisi pakulinan ing kulawarga

			09 September 2019 29 November 2019	ageng Ibu Sri Dalpasani
5.	Ibu Sri Dalpasani	<i>Santai</i>	Ing Griyanipun Ibu Sri Dalpasani saha 28 Juli 2019 09 September 2019 29 November 2019	Tata cara tradhisi tolak balak menawi badhe wonten bebaya ing kulawarga ageng Ibu Sri Dalpasani

Transkrip Data Tuturan Wawancara

Data wawancara 20 Juli 2019 Narasumber Ibu Sri Dalpasani.

Pacelathon:

P : “Tata cara tradhisi tolak balak ingkang wonten ing griya menika menapa kemawon bu?”

N : “Akeh, ana tradhisi nek geblake simbah, among-among pas lairan, mitoni, bancakan, bebaya, kenduren, muludan, tirakatan, akeh meneh”.

P : “Tata cara lan maknane ubaramenipun?”

N : “nek among-among ki nggo sega tumpeng, sega gudhangan pepakan (endog, seko, bayem, sawi, kangkung, jembak, gereh pethek, peyek), bumbu gudhangane ana klapa parut, jeruk purut, uyah, kencur, gula jawa, Lombok, bawang terus diuleg, dislamurke neng sayuran gudhangan mau. Ana jenang abang, jenang putih, blowok, baro-baro, wedang putih, wedang the tubruk, wedang gula jawa. Kuwi kabeh ana maknane nek jenang abang ben abang cahyane, nek jenang putih ben suci. Baro-baro ki jenang abang putih dicampur dhuwure dinei parutan klapa karo gula jawa maknane ben ora kena goda rencanane. Nek wedang putih maknane ben suci sakabehane, wedang tubruk kuwi minuman leluhur maknane supaya leluhur kuwi mara ben seger awake lan supaya arwahe seneng. Jarang gula jawa kuwi maknane arwahe para leluhur kuwi pada seneng lan tentrem. Bar ubarampene siap terus didongani ngene ki *“Kyai among nyai among, ngaturaken pisungsung*

kangge leluhur ingkang sampun nurunaken putu ingkang nama Dirita Nurnaningsih Pralita Sari lair ing dinten senin legi, mugia tansah njangkung lan njampangi lampahipun, dados priyantun ingkang tansah hambeg utama, wilujeng rahayu, mulya, santosa, lan raharja. Wilujeng rahayu kang tinemu. Banda lan begja kang teko. Kabeh saka kersaning Gusti". Kuwi nek among-among"

N : “nek geblake simbah kuwi pas dina sedane simbah. Simbah kakung asmane Harjo Utama/Karni sedane minggu kliwon. Simbah kakung kuwi senengane udud, bolumprit, sega lawuh, wedang kopi, wedang tubruk. Saben minggu kliwon kudu nyugi panganan-panganan kuwi ben simbah ki seneng. Nek simbah putri asmane Harjo Utama/ Pariyem sedane minggu legi. Simbah putri kuwi senengane kinang, rooti jaran, jadah, wedang putih, ro wedang tubruk. Dadi saben minggu legi ya kudu nyepakke nggo simbah putri. Kuwi pesene simbah putri biyen”.

N : “saben dina Jum’at eee ya saben dina, aku nyuguhi neng pendhopo, neng lemarine simbah. Kuwi mau aku nyuguhi wedang, wedang putih, wedang tubruk, kopi, karo panganan. Mknane ben leluhure dhewe nek do mulih do seneng, terus jagani awake dewe”.

N : “nek arep ana bebaya biasane gunung njebluk, wong desa kene njur do gawe janur, dlingo, bengle, kinang, dhuwit 100 rupiah terus diiket nggo kaos kaki dipasangke neng lawang ngarep pendhopo kae. Tujuane ben bebaya kuwi ora sido, utawi kangge nangkis bebayane kuwi. Terus ne kana udan nganggo

angina kae, ngepyoki uyah terus disebar-sebarke neng sudut-sudut omah
pokoke kabeh bagian omah ki dipyuki uyah, tujuane ben awake dewe slamet
kabeh”.

Data wawancara 09 September 2019 Narasumber Ibu Sri Dalpasani.

Pacelathon:

P : “Sejarah mula bukanipun tradhisi? Ibu mangertos kebiasaan menika?”

N : “Sejarahe aku mung nuruti bapak swargi lan ibu swargi leluhure kita sik wis kundur klanggenan. Haa kuwi biyen ngenei pesen kon nguri-uri kabudayan. Nek pas netonan, kenduren suran, muludan, among-among, ne kana sing mati, ya ngono-ngono kuwi”.

P : “Simbahipun asmane sinten?”

N : “Simbahe jenenge Mbah Harjo Utama, Kyai H. Harjo Utama/Pariyem”.

P : “Lha mbah Harjo Utama saking?”

N : “Haa biyen mbah buyut sik nganakke, ning kuwi aku nemune mung mbah Harjo Utama kuwi biyen”.

P : “Rumiyin agamanipun menapa?”

N : “Islam, tur ya ngono kae”.

P : “Tapi kan menika ajaranipun tiyan hindhu?”

N : “Kuwi ki tradhisi masarakat neng Garongan, ket jaman biyen, nek wong biyen lak durung do nde agama. Dadi iki mung kebiasaan sing turun-temurun ngono lho. Ben do diuri-uri karo anak-putune. Saiki deloken kae cah-cah saiki lak ora do ngeerti adat-adat ngono kuwi”.

P : “dlingo bengle?”

N : “Dlingo bengle kuwi diennnggo tolak-balak ben ora kena memala. Nggo nglungani sirnaning watak angkara utawi gangguan saka setan”.

Data wawancara 29 November 2019 Narasumber Ibu Sri Dalpasani.

Pacelathon:

P : “Assalamu’alaikum”.

N : “Wa’alaikumsalam. Piye ana apa?”

P : “Badhe nyuwun pirsu malih buk”,

N : “Ya kene”.

P : “Tata cara geblagipun simbah menika kadospundi?”

N : “Simbah kuwi geblage minggu kliwon, terus nggawe wedang putih, wedang tubruk, kopi, wedang gula jawa. Terus disiapke rokok lingthingan, kinang, kembang Yasin (surat Ya-Ssin), terus dinei jadah, ne kana ketan ya ditambahi kolak, nek ora ana ya jenang. Ya mung ngono kuwi, terus kabeh kuwi mau dicepakke neng pendhapa karo neng lemari sik neng kamare simbah jaman biyen. Kamar kuwi cen ora tak owah-owahi mergane kuwi pesene simbah, kamar e kuwi aja nganti dibubrah. Ben putu-putuku kabeh do ngerti neng kene ki leluhur e dumunung lan nyekseni sakkabehe”.

P : “Kok kedah ten papan-papan menika menapa buk?”

N : “Cen kudu neng papan kuwi, nek neng pendhapa mergane simbah nek jaman biyen kerep nrima dhayoh neng kono. Simbah nek kumpul karo anak putune ya neng kono, dadi pendhapa ki dienggo papan sik paling disenengi simbah. Terus nek neng lemari kamare simbah kae, mergane mbah putri ki biyen nek ndeleh barang mesti neng kono. Dadi kamar kuwi papan sing paling diuri-uri karo simbah putri”.

P : “Samenika tata cara among-among?”

- N : “Nek among-among ki ya kudune nggo kembang setaman, jenang, sega gudhangan, ndog pitik, tukon pasar, slondok, jenang abang, jenang putih karo baro-baro, didekke nggon le turu bayine karo mengko panganane kuwi dibagi-bagike tangga-tangga ro bocah-bocah cilik”.
- P : “Terus menawi bancakan menika?”
- N : “Neptu lair kuwi ya bancakan ya brokohan, nganggo kembang setaman, jenang abang, jenang putih, terus nganggo sega, jangan kenthang, tempe, tahu, peyek gereh pethek, peyek kacang terus dikepung wong akeh terus didongani. Bar didongani sik nyekseni kuwi mau kudu mangan panganane kuwi mau. Nek ora enthek diwenehke wong sik butuh, intine kabeh mau dienggo sodaqoh ben uripe slamet nir ing sambikala”.
- P : “menawi ingkang tradhisi pakulinan menika buk?”
- N : “sing endi?”
- P : “Inkang nyamegtakaken toya pethak, toya teh tubruk, kopi, toya gendhis jawi menika lho buk?”
- N : “oo, iya sik diselehke neng pendhopo, lemarine simbah. Kuwi cen wis dadi adat ket jamane mbah buyut. Dadi ibuk neng kene mung neruske apa sik diajari karo sik ditinggalke simbah. Nyepakke wedang neng pendhopo ben arwah leluhur e akdewe do seneng”.
- P : “Nah, menawi kangge nolak balak menawi badhe wonten bebaya kadospundi buk?”
- N : “Nek nggo nolak balak kuwi sik dienggo uyah. Uyah kuwi nggo nolak balak nek arep ana udan angin. Neng kene lak cedhak gunung Merapi, nek gunung

Merapi arep njebluk neng lawang ngarep pendhopo kae tak pasangi janur, dlingo, bingle, dhuwit 100 rupiah, karo kinang. Tujuane ben bebayane kuwi ora ganggu kluwargane dewe, lan kabeh kluwargane dewe slamet”.

P : “Nggih matur nuwun awit informasinipun buk, nyuwun pamit”.

N : “Ya kana”.

Sejarah dhusun Garongan

Tahun 1020 Arga Merapi njeblug saha wedhinipun ngurugi wilayah Ngayogyakarta, mliginipun dhusun Garongan. Jaman menika wilayah Garongan sampun katutup kaliyan wedhi Arga Merapi. Saklajengipun dhusun Garongan wonten kawit jaman Suryadilagan. Suryadilagan menika nate lengser dumugi patinipun ing Balerante. Dados wonten Balerante menika Suryadilagan nyepi kangge awakipun petambak. Ingkang bebadra kapisan ing dhusun Garongan inggih menika asmanipun Kyai Garong.

Kyai Garong menika boten ateges tukang nggarong utawi tukang dooong jupuk, ananging panci asmanipun leres Kyai Garong. Kyai Garong menika ngantos patinipun mapan ing dhusun Garongan menika. Kyai Garong itu boten piyambak ananging wonten kancanipun ingkang asmanipun Kyai Uleg. Kyai Uleg ugi wonten dhusun menika ngantos patinipun. Menawi Kyai Garong dipunmakamaken ing sasonoloyo ingkang siring kilen, menawi Kyai Uleg dipunmakamaken ing sasonoloyo ingkang siring wetan. Ingkang kapisan dados tetua adat/lurah inggih menika demang. Demang menika dipunpitados kaliyan masarakat supados dados tetua adat ing dhusun Garongan. Jaman menika masarakatipun taksih sekedhik, kinten-kinten 15 kulawarga.

Dhusun Garongan ing jaman Suryalagan ngantos samenika sampun ngrembaka ingkang kathah. Agama ugi sampun maneka warni, saha sedaya warga masarkatipun sami rukun. Samenika Garongan dipunpimpin kaliyan Bapak Rahmad Hidayat minangka Kepala Duku. Saha dipunbiyantu kaliyan ketua-ketua

RT ing ngandhapipun. Ngantos samenika ugi dhusun Garongan sampun gadhah lahan-lahan kados *perikanan, peternakan, perkebunan*, saha *Desa Wisata*.